Къалэмым къызэщIиубыдэр

2-нэ нап.

«IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

«Уэрэдыр гумрэ псэмрэ дыхьамэ...»

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ ди газетым Iэ тевдзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№150 (24.900) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 16, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

● Гу зылъытапхъэ

УпщIэхэр евгъэхь хъунущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъэгъазэм и 24-м эфир занщIэкIэ цIыхухэм епсэлъэнущ. Линэ занщIэм сыхьэт 12-м щIидзэнущ.

Ар къатынущ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ «ВКонтакте»-м щаIэ официальнэ аккаунтхэм, «Россия 24», «1КъБР» телеканалхэмрэ абыхэм я сайтхэм, апхуэдэуи Урысейм и радиом (101,8 FM), «Къэбэрдей-Балъкъэр» 99,5 FM радиом.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрызыхуэвгъазэхэре фи упщIэхэр евгъэхь хъунущ MAX чат-ботым-кIи.

Дыгъэгъазэм и 16-м къыщыщIэдзауэ «Эфир занщIэр» иухыхукIэ колл-центрыр лэжьэнущ.

Махуэ къэс сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 пщIондэ запыфщIэфынущ канал куэд зиIэ 8 (8662) 229300, +79287119400 телефонхэмкIэ.

Хэхъуэ диIэу илъэсыр еух

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм и премьер-министр Мусуков Алий. Ахэр тепсэлъыхьащ иух илъэсым зрагъэхъулIахэм.

АБЫХЭМ я нэхъыщхьэр республикэ бюджетым и унэтIыныгъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр гъэзэщIа зэрыхъуарщ. Мазэ 11-м хэхъуэу республикэм иIар сом мелард 60,4-м нэсащ, ар илъэсым яубзыхуам и процент 97-рэ мэхъу, хэхъуэр процентри 108-м нэсу. ХэщIхэр сом мелард 60,7-рэ е я гугъам и процент 93-рэ мэхъу, илъэс кIуам и иджы хуэдэ пIалъэм елъытауэ процентри 112-кIэ хэхъуауэ. ХэщIыр ирагъэкъужын папщIэ коммерческэ щIыхуэхэр къагъэсэбэпакъым, бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр зэпымыууэ нэхъыбэ мэхъу, бюджет хабзэм тету йокIуэкI.

Мы зэманым ягъэхьэзыр 2026 гъэм, 2027 - 2028 гъэхэм ятещIыхьа бюджетхэм къэрал трансфертыщIэхэр къэлъытауэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Бюджетыр къэщтэныр дыгъэгъазэм и кIэм траухуащ.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным сом меларди 9,3-рэ хуаутIыпщащ, абыхэм ящыщу меларди 6,7-р къэрал ахъшэщ. «Управление» къэрал автоматизированнэ IэнатIэм къызэритамкIэ, лъэпкъ проектхэм щыубзыхуахэр гъэзэщIэнымкIэ къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысей Федерацэм ещанэ увыпIэр щиIыгъщ - абыхэм щыубзыхуахэм я процент 99,98-р зрагъэхъулIащ. Проект нэхъ инхэр «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ», «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «Унагъуэ», «Узыншэу илъэс куэдкIэ псэун» жыхуиIэхэрщ.

Республикэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм бжьыпэр щиIыгъщ цIыхухэм я ахъшэ хэхъуэхэмкIэ - 2025 гъэм хэхъуэр процентри 9,7-кIэ дэкIуеящ, ар Урысейм ику иту щыIэ бжыгъэхэм (процентри 6,3-рэ), КИФЩI-м ейм (процентри 5,5-рэ) нэхърэ нэхъыбэщ. 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ гъэ къэс апхуэдэ хэхъуэхэр зэрыщыIэр и фIыгъэщ бюджетым къыхэкIыу лэжьапщIэ зратхэм я улахуэхэм зэрыхущIагъумрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм зэрызыщIагъакъуэмрэ.

Гулъытэ хэха хуащIащ дызэрыт илъэсым республикэм и экономикэм инвестицэхэр къыхегъэлъхьэным пыщIа лэжьыгъэмрэ дызыхуэкIуэ гъэми апхуэдэ проект инхэр гъэзэщIэнымрэ.

«ХъуэпсапIэхэм я псей» Iуэху гуапэр ирагъажьэ

«ХъуэпсапIэхэм я псей» урысейпсо псапащIэ акцэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ. Абы къыхигъэщащ а Iуэху гуапэр Урысейм и Президент Путин Владимир иригъэжьауэ зэрыщытар. Ар илъэс куэд хъуауэ ирагъэкIуэкI волонтерхэм икIи кIуэ пэтми абы цIыху нэхъыбэ къыхохьэри, илъэсыщIэ саугъэтхэмкIэ яфIэфIу яхуоупсэ гулъытэ хэха хуэныкъуэ сабийхэм.

КIУЭКIУЭ Казбек и лэжьэгъухэр щIыгъуу республикэм и «ХъуэпсапIэхэм я псейм» къыфIихащ цIыкIухэм яIэну нэхъ зыхуейхэр зратха конвертхэр. Акцэм хэтащ хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, апхуэдэу щIыналъэхэмрэ къалэхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм шэч къытримыхьэу жиIащ псейм фIэлъ конверт псори мыгувэу зэрызэбграхынур икIи ахэр псори саугъэт лъапIэ хъууэ сабийхэм зэрылъагъэIэсынур. Ахэр зыIэрыхьэнухэм яхэтщ зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэ цIыкIухэр, адэ-анэм и гуапагъэм хуэныкъуэхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэм щапIхэр, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм щыщхэр.

«Сабийхэм иратха псори Iэмал имыIэу нахуапIэ хъунщ», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэхэм защегъэгъуазэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ яхуэзащ республикэм хыхьэ щIыналъэхэм, къалэ округхэм я администрацэхэм я унафэщIхэм. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыпIэхэм лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрыщагъэзащIэм.

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, щIыналъэхэми къалэ округхэми лэжьыгъэхэр щокIуэкI, нэхъапэм зэраубзыхуам тету. Гулъытэ хэха хуащI нэхъ набдзэгубдзаплъэу зыкIэлъыплъыпхъэ Iуэхугъуэхэм. Абыхэм ящыщщ къэблэгъа илъэс зэблэкIыгъуэм, 2026 ИлъэсыщIэм, ехьэлIауэ республикэм щегъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэр. Нэхъапэми хуэдэу, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр нэхъыбэу зытещIыхьар сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я гукъыдэжыр къэIэтынырщ. Абы хуэгъэпсауэ щытынущ дызэрыт илъэсым и дыгъэгъазэм и 25-30 махуэхэм, къэкIуэну илъэсыщIэм и щIышылэм и 2 - 5-хэм екIуэкIыну Республикэ ИлъэсыщIэ псей гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр.

Абыхэм щатынущ сабий тыгъэу 25000-рэ. Апхуэдэ гуапагъэр, псом япэрауэ, зыхуэгъэзар СВО-м щыIэхэм я бынхэрщ, унагъуэшхуэхэм щапI сабийхэрщ, щытыкIэ гугъум ихуа цIыкIухэрщ. Хабзэ зэрыхъуам тету, илъэсыщIэ тыгъэхэр хуашэнущ Херсон областым щыщу ди нэIэм щIэт районхэм щыпсэу сабийхэми.

КъинэмыщIауэ, СВО-м щыIэ ди лъахэгъу зауэлIхэм хуаутIыпщынущ ахэр зыхуейзыхуэфI ерыскъыпхъэхэр, хьэпшыпхэр зэрылъ автомашинэхэр.

КъБР-м и Правительствэм хэтхэм, республикэм и районхэм, къалэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм КIуэкIуэ Казбек иджыри зэ ягу къигъэкIыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъэгъазэм и 19-м иригъэкIуэкIыну эфир занщIэм и къызэгъэпэщыкIэм, ар зэрекIуэкIым набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, дыгъэгъазэм и 24-м абы иригъэкIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я упщIэхэм жэуап щритыну эфир занщIэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэм зэрызыщрагъэужьым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ республикэм и Парламентым. «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэр къыщызэIуихым, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ жылагъуэм зиужьынымкIэ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

КЪЭРАЛЫМ мы зэманым гулъытэшхуэ хуещI щэнхабзэм зегъэужьыным, лъэпкъ хабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным.

Егоровэ Татьянэ жиIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ» къэрал программэм, лъэпкъ, федеральнэ проектхэм тету, республикэм и щэнхабзэ IэнатIэм куэд зэрыщызэфIагъэкIыр: къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэр зэрагъэпэщыж, библиотекэхэмрэ музейхэмрэ зыхуей Iэмэпсымэхэмкiэ къызэрагъэпэщ, щэнхабзэ зэхыхьэшхуэхэр ирагъэкIуэкI, творческэ жэрдэмхэмрэ проектхэмрэ даIыгъ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэри ирагъэфIакIуэ.

- Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ цIыхубэ IэщIагъэхэм зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, ахэр хэIущIыIу щIыным. Иджыблагъэ ди къэралым и Президент Путин Владимир къыхигъэщащ «щэнхабзэм епха къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ псоми ди зэхуэдэ тхыдэм и фэеплъыр хъумэн зэрыхуейр». Къэралым и Iэтащхьэм дыкъыхуриджащ щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ тхъумэным, лъэпкъ мащIэхэм къадекIуэкI а фIыгъуэхэр мыкIуэдыжыным ди къару яхузэхэтлъхьэну. Дауи, а мурадхэр къыдэхъулIэн щхьэкIэ, зэфIэкI зиIэ IэщIагъэлIхэр, иджырей Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр къэзыгъэсэбэпхэр, лэжьыгъэм къешэлIэн хуейщ, - жиIащ Парламентым и УнафэщIым.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэ IуэхущIапIэу 369-рэ щIэныгъэ гуэдзэн щрату 28-рэ зэрыщыIэр, ар 2019 гъэм елъытауэ процент 1,1-кIэ зэрынэхъыбэр. Абыхэм щолажьэ IэщIагъэлI мини 2,5-м щIигъу. 2019 гъэм щегъэжьауэ 2025 гъэ пщIондэ щэнхабзэм хухах бюджет ахъшэм хэхъуащ хуэдэ 1,8-кIэ - сом мелард 1,2-м къыщыщIэдзауэ сом меларди 2,2-м нэсу.

Министрым зэрыжиIамкIэ, дызэрыт илъэсым ягъэзэщIащ дунейпсо, урысейпсо, щIыналъэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 40-м щIигъу: Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъумрэ епха Iуэхугъуэхэм нэмыщI «Темыркъаным и пшыхьхэр», «Ипщэ сценэ» дунейпсо фестивалхэм, «Ди ТекIуэныгъэ», «Щэнхабзэр щIэпхъаджагъэм пэщIэтщ» зэхыхьэхэри.

Республикэм и къэрал театрхэм лэжьыгъэщIэ 14 щагъэуващ. «Большие гастроли» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, 2025 гъэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр Тэтэрстаным щыIащ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрыр - Стерлитамак къалэм. КъБР-м и къэрал Музыкэ театрымрэ Адыгей Республикэм и камернэ макъамэ театрымрэ я лэжьыгъэхэр зым адрейм деж щигъэлъэгъуащ.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ музейхэр щэнхабзэ-тхыдэ фэеплъхэм я хъумакIуэу зэрыщытыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым музей зэхуэмыдэу 20 щолажьэ, 10-р КъБР-м и Лъэпкъ музейм и и къудамэу. Псоми зэхэту абыхэм щахъумэ хьэпшып мин 211-рэ. 2025 гъэм гъэлъэгъуэныгъэ 200-м щIигъу къызэрагъэпэщащ. ЩэнхабзэмкIэ министерствэр йогугъу музейхэм зегъэужьыным, хьэпшыпхэм къахэгъэхъуэнымрэ хъумапIэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэнымрэ. Псалъэм папщIэ, иужьрей илъэсхэм КъБР-м и Лъэпкъ музейм и экспонатхэм къахэхъуащ хьэпшып мини 7.

Лъэпкъ Iуэхухэр дэгъэкIыным хыхьэу, республикэм и музейхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ ират. Ткаченкэ и цIэр зезыхьэ, СурэтыщI гъуазджэмкIэ музеймрэ КъБР-м и Лъэпкъ музеймрэ зыхуеину Iэмэпсымэхэр къыхуащэхуащ. Лъэпкъ музейм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIа нэужь, экспонат мин 1,5-м щIигъу зыщIэт пэшищ щIэуэ къызэIуахащ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ XV - XIX лIэщIыгъуэхэм къриубыдэу яIа тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щыхьэт техъуэхэр щахъумэу. Апхуэдэуи техникэкIэ къызэрагъэпэщащ Гундэлэн къуажэм дэт Тхыдэ-лъахэхутэ музейр. АдэкIи республикэ, муниципальнэ музей 16-м я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну я мурадщ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм гулъытэ хуещI сабийхэр гъэсэным, щIалэгъуалэ зэчиифIэхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ защIэгъэкъуэным. Зэхьэзэхуэхэр къызэрагъэпэщ, IэщIагъэлIхэм я улахуэм хагъахъуэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, музыкант ныбжьыщIэхэм стипендие хуагъэуващ. 2025 гъэм оркестр Iэмэпсымэхэм еуэ цIыхуи 8-м дэтхэнэми сом мини 10 хуагъэфэщащ. КъищынэмыщIауэ, Темыркъан Юрэ и цIэкIэ студентхэмрэ аспирантхэмрэ папщIэ стипендие щхьэхуэ ягъэуващ (ари сом мини 10 мэхъу).

Республикэм и ансамбль нэхъыщхьэ дыдэхэм («Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъхэр») я артист 72-м зэфIэкI ин зэраIэр къэлъытауэ, мазэ къэс я лэжьапщIэм сом мини 10 хущIагъу.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ» къэрал программэм хыхьэу, щэнхабзэм и IуэхущIапIэу 8-м сом мелуан зырыз иратащ, симфоние макъамэм, театрым, цIыхубэ гъуазджэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIагъэкIыным хухэхауэ.

2025 гъэм щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм ику ит я улахуэр процентри 113-м нэсын хуейщ, республикэм ику иту къыщахьым тещIыхьауэ (сом 40764-рэ).

Дызэрыт илъэсым къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым «Къуажэм щэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ» программэри щолажьэ. Ар зытеухуар къуажэ нэхъ цIыкIухэм лэжьакIуэ кIуэхэм сом мин 50-кIэ защIэгъэкъуэнырщ. А Iэмалыр мы гъэм къагъэсэбэпащ цIыхуи 8-м.

Министерствэм адэкIи пищэнущ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр ухуэнымрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ. Абыхэм ящыщщ Прохладнэ къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэр, гъуазджэхэмкIэ сабий школу тIу (Налшык къалэмрэ Гундэлэн къуажэмрэ). КъищынэмыщIауэ, библиотекэ зыбжанэ зэрагъэпэщыжынущ, Зи нэм имылъагъухэм я республикэ библиотекэр хэту.

Егоровэ Татьянэ жиIащ 2025 гъэм и мазаем «Щэнхабзэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьар икIи абыхэм тету ныкъуэдыкъуэхэр щэнхабзэм хэшэным гулъытэ зэриIэпхъэр. Мы зэманым абы и лъэныкъуэкIэ ялэжьым щIэупщIащ ар.

Къумахуэ Мухьэдин жиIащ республикэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр зэрекIуэлIэфыну псори къызэрыщызэрагъэпэщар, къэбгъэлъагъуэмэ, зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, псом япэу гулъытэ зыхуащIым ар зэращыщыр. Зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я зыгъэпсэхугъуэр къахуэзэзыгъэпэщхэм ящыщщ Зи нэм имылъагъухэм я республикэ библиотекэр. Ар зыхуей хуэгъэзэным зэман гъунэгъум щIадзэнущ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр къытеувыIащ гугъуехь нэхъыщхьитIым: IэщIагъэлIхэр ирикъуу зэрамыIэмрэ IэнатIэ Iутхэм ятепщIыхьмэ, щэнхабзэмкIэ унэхэм я лэжьэгъуэ зэманыр зэрызэтеухуар зэрымытыншымрэ.

Министрым жиIащ IэщIагъэлIхэр, абыхэм музыкант-духовикхэри яхэту, зэрагъэхьэзырынум теухуа унафэр гъуазджэхэмкIэ сабий школхэмрэ макъамэ еджапIэхэмрэ зэрыхуагъэхьар. КъищынэмыщIауэ, йогупсыс Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым епхауэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр курсхэр къызэрызэIуахынум.

IуэхущIапIэхэм я лэжьэгъуэм теухуауэ Къумахуэм жиIащ щэнхабзэ унэхэр сыхьэт 12-м къызэIуахрэ нэхъ гуваэ зэхуащIыжу пщIы зэрыхъунур. Апхуэдэу мы зэманым лэжьыгъэр щызэтеублащ Тэрч районым икIи абы и фIыгъэкIэ щэнхабзэмкIэ унэхэм нэхъыбэ йокIуэлIэф.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Пэжым и телъхьэу» фракцэм и унафэщI **Кебеков Владимир** щIэупщIащ Анзорей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэр щызэрагъэпэщыжынум. Министрым жиIащ Анзорейрэ Лэскэн ЕтIуанэмрэ унэщIэхэр щаухуэным зэрытраухуар. Лэжьыгъэхэм щIадзэнущ абы ехьэлIа дэфтэрхэр муниципалитетхэм къата нэужь.

КъБР-м и Парламентым МэкъумэшIэнатIэмкIэ, щыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** къыхилъхьащ зэкъуэш лIыхъужьхэу Къардэнхэ Къубатийрэ Къэбардрэ я унэ-музей Аушыджэр къуажэм къызэрыщызэрагъэпэщыным егупсысыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ зэрагъэпэщыж IуэхущIапIэхэм хэмыхуахэр зыхуэдизым, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм хуащI гулъытэм, цIыхубэ IэщIагъэхэм зэрызегъэужьыпхъэм, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Текуев Амырбий** къыхигъэщащ иужьрей илъэситхум КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIар. IэщIагъэлIхэр ирикъуу яIэн щхьэкIэ, депутатым хэкIыпIэу къигъэлъэгъуащ еджапIэ къэзыухахэр я къуажэхэм ягъэзэжрэ щылэжьэныр пщэрылъ ящызыщI Iуэху къаIэтын зэрыхуейр.

* * *

ЗэIущIэм унафэ щащIащ КъБР-м и Парламентым къыкIэлъыкIуэ и зэIущIэр дыгъэгъазэм и 23-м екIуэкIыну.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъым и положенэм къалъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм, 2026 гъэм гъатхэ лэжьэгъуэм гулъытэ зыхуащIынухэм, цIыхухэр къызэрырашэкIым, гъуэгум, ЖКХ-м, нэгъуэщIхэми ятеухуа федеральнэ проект зыбжанэм. Апхуэдэуи республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и ЩIыхь тхылъыр ехъулIэныгъэ зиIэ лэжьакIуэхэм зэрыратынум и гугъу ящIащ.

Ди къуэш республикэхэм

Дамыгъэ лъапIэ къыхуагъэфащэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Адыгэ-Хьэблэ щыщ Джемакулов Ислъам къыхуагъэфэщащ «За воинскую доблесть» медалым и япэ нагъыщэр.**

ИСЛЪАМ дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ абы къалэнхэр щегъэзащIэ. Пензэ дэт дзэ академиер къиухри, Кантемировскэ 4-нэ гвардейскэ танк дивизэм къулыкъум щыпищащ, нобэ ар дзэ къудамэм и унафэщIщ. Адыгэ-Хьэблэ районым и администрацэм къызэрыхигъэщащи, апхуэдэ дамыгъэ къуатыныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ, къэралымрэ абы и цIыхухэмрэ къахуэщхьэпэн Iуэху лIыхъужьыгъэ зэрызэрихьам и щыхьэтщ.

Урысей Федерацэм и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным къыщигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Джемакуловым нэхъапэкIэ къратащ «За отвагу», «За боевые заслуги» медалхэр.

Театр зэпеуэм щытокIуэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм гъуазджэхэмкIэ и колледжым и студентхэр щытекIуащ 1-нэ Урысейпсо хэкупсэ театральнэ зэпеуэм. Iэтауэ ар щызэхуащIыжащ Мэзкуу Щукин Борис и цIэр зэрихьэу дэт Театр институтым.**

КIЭУХ зэпеуэм хэтащ Санкт-Петербург, Мэзкуу, Шадринск, Мейкъуапэ, Воронеж, Уфа, Новгород Ищхъэрэ, Саратов, Владикавказ щыщ студент гупхэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэр къапщытащ ЕгъэджэныгъэмкIэ къэрал университетым, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым я эксперт-хэм.

Адыгейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, «Тхьэбысым Умар и цIэр зезыхьэ республикэ колледжым и «Актерское искусство» къудамэм и студентхэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ «У войны не женское лицо» спектаклым икIи I нагъыщэ, «Хусейн Андрухаев. Считайте меня живым» спектаклым II нагъыщэ дипломхэр къыхуагъэфэщащ.



УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

Къалэмым къызэщIиубыдэр

Ди гъунэгъу Шэшэн Республикэм и къалащхьэ Грознэ блэкIа тхьэмахуэм и кIэухым Iуэхугъуэ хьэлэмэт щекIуэкIащ. ЩIыналъэм и унафэщIхэм ирагъэкIуэкI «Дыщэ къалэм» дунейпсо журналист зэпеуэм кърикIуахэр къыщапщытэжащ абы. Къыхэдгъэщынщи, зэпеуэр иджы 12-нэу щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ Шэшэн Республикэм и япэ президенту щыта, Урысейм и ЛIыхъужь Кадыров Ахъмэт-Хьэжы и фэеплъу.

ФЕДЕРАЛЬНЭ, щIыналъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэр, хамэ къэрал 12-м журналистикэмкIэ я IэщIагъэлI нэхъыфIхэр зэзышэлIа Iуэхум хэтащ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан, ШР-м и Iэтащхьэм и дэIэпыкъуэгъу, Лъэпкъ политикэмкIэ, хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ, печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр Дудаев Iэдэм, щIыналъэм и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэхэр, ди къэралым хыхьэ субъектхэм, щIыналъэщIэхэм, Москва, Санкт-Петербург къалэшхуэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм, хамэ къэрал зыбжанэм ящыщ журналистхэр. ГуфIэгъуэ пшыхьым ирагъэблэгъахэм яхэтащ «Дыщэ къалэм» дунейпсо зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэта, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Жыласэ Заурбэч.

ГуфIэгъуэр щекIуэкIащ «Парус» уардэунэм. Министр Дудаев Iэдэм фIэхъус псалъэкIэ ар къызэIуихыу Iуэхур зэрекIуэкIынум къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIа нэужь, япэу псалъэ иритащ ШР-м и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан.

- Си гуапэу къуэш сэлам фызох си адэ-лIыхъужьым и фэеплъу илъэс зыбжанэ лъандэрэ ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ «Дыщэ къалэм» дунейпсо журналист зэпеуэм кърихьэлIа псоми. Нобэ утыкушхуэм щыдгъэлъэпIэнущ зэпеуэм и унэтIыныгъэхэм къыхэжаныкIахэр, абы и къэпщытакIуэ гупым хэтахэм ящыщу лэжьыгъэ купщIафIэ къезыхьэлIахэр, - жиIащ Кадыров Рамзан. - Къыхэзгъэщыну сыхуейщ мыгъэрей зэпеуэм творческэ лэжьыгъэу 250-м щIигъу къызэрырахьэлIар. Ахэр я Iэдакъэщ1экIщ къэрал 12-м я журналист пашэхэм, зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъхэм. Журналист зэпеуэр апхуэдэу цIэрыIуэ зэрыхъуам къегъэлъагъуэ зи «дыщэ» къалэмыр жану зыгъабзэ, Iуэху еплъыкIэ хьэлэмэт зиIэ, дуней псом щекIуэкI Iуэхугъуэхэр пэжыр я тегъэщIапIэу цIыхубэм яхуэзыхьхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ зэпеуэм и фIыгъэкIэ Кадыров Ахъмэт-Хьэжы и гъащIэ гъуэгуанэу хахуагъэрэ лIыгъэкIэ гъэнщIам цIыху нэхъыбэ щIыгъуазэ зэрыхуэхъум. Иджыри зэ фIыщIэ ин фхузощI зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм, абы и къэпщытакIуэ гупым хэтахэм, зи лэжьыгъэ къезыхьэлIа журналист Iэзэхэм.

«Дыщэ къалэм» дунейпсо зэпеуэр унэтIыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ екIуэкIащ. Апхуэдэхэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, «Тематикэ программэ», «ХъыбарегъащIэ сюжет», «Документальнэ фильм», «Пщэдджыжь шоу» (телевиденэмрэ радиомрэ); «Статья нэхъыфI», «Очерк нэхъыфI», «Сурэт репортаж нэхъыфI» (газетхэмрэ журналхэмрэ); «Блогер нэхъыфI» (Интернет напэкIуэцIхэр). Дэтхэнэ унэтIыныгъэмкIи зэпеуэм кърахьэлIа лэжьыгъэхэм гупсэхуу хэплъащ абы къыхузэрагъэпэща къэпщытакIуэ гупым хэтхэр икIи абыхэм щытекIуахэр белджылы къащIащ. Дунейпсо журналист зэпеуэм зи творческэ лэжьыгъэхэр нэхъыфIу къыщалъытахэм ящыщ дэтхэнэми иратащ ШР-м и Iэтащхьэм, Лъэпкъ политикэмкIэ, хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ, печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм, дунейпсо зэпеуэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, «Дыщэ къалэм» фэеплъ тыгъэр, ахъшэ саугъэтхэр.

ГуфIэгъуэ пшыхьым щагъэлъэпIащ «Дыщэ къалэм» дунейпсо зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэта Жыласэ Заурбэчи. Зэпеуэм кърахьэлIа лэжьыгъэхэр къыщапщытэм къигъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэмрэ пэжыгъэмрэ, дунейпсо журналистикэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иным папщIэ абы пшыхьым и утыкушхуэм къыщратащ Шэшэн Республикэм Лъэпкъ политикэмкIэ, хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ, печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылърэ фэ-еплъ саугъэт лъапIэрэ. Жыласэ Заурбэч Шэшэн телевиденэм и журналистхэм интервью кIэщI яритащ ди щIыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэм, зэдэлэжьэныгъэм, зэныбжьэгъугъэм теухуауэ.

Дунейпсо зэпеуэм кърикIуахэр къыщагъэнэIуэжа гуфIэгъуэр игъэдэхащ концертышхуэм. Пшыхьым хэтахэм зыщрагъэплъыхьащ Шэшэн Республикэм и къалащхьэ Грознэ и щIыпIэ дахэхэм, фэеплъ сурэтхэри зытрагъэхащ. ХьэщIэхэри хэгъэрейхэри зэбгрыкIыжащ, «Дыщэ къалэмым» къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэри щIыналъэхэри нэхъыбэ, и мыхьэнэри нэхъ ин зэрыхъуам щыгуфIыкIыу.

КЪАРДЭН Маритэ.

Республикэм и щIыхьыр зыIэтхэр

Налшык къалэм дэт, ЩIалэгъуалэм я унэм иджыблагъэ щагъэлъэпIащ дунейпсо утыкухэм республикэм и щIыхьыр лъагэу щызыIэта спортсменхэмрэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм къыхилъхьа жэрдэмхэм къыщыхэжаныкIахэмрэ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, Парламентым и депутат Ахъмэт Амир, КъБР-м и министрхэу Хьэсанэ Ислъам, Лу Азэмэт, Бозий Аскэр сымэ, спортсмен цIэрыIуэхэр, тренерхэр, спортым и ветеранхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щагъэлъэпIащ Японием и къалащхьэ Токио тхэквондомкIэ щекIуэкIа Сурдлимп джэгухэм (тэмэму зэхэзымых спортсменхэм я зэхьэзэхуэ) Урысей Федерацэм щыяпэу дыщэ медаль къыщызыхьа Сатушы Мадинэрэ абы дэлажьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ апхуэдэ ехъулIэныгъэ зыIэрыбгъэхьэн щхьэкIэ, къару лъэщрэ зэфIэкIыфIрэ спортсменым бгъэдэлъын зэрыхуейр икIи Мадинэ ахэр къызэрыкъуэкIар, республикэм и щIыхьри дунейпсо утыкум лъагэу зэриIэтар.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм и нэIэ щIэту лажьэ «Сэ сытренерщ», «КъэкIуэнум и джэгухэр», «ЛIыхъужьхэм я лигэ», «Районхэм я зэхэуэ», «Чемпионхэм я гъуэгуанэ» спорт-егъэджэныгъэ пэхуэщIэхэм къыщыхэжаныкIахэми щехъуэхъуащ а пщыхьэщхьэм.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

Мэкъупс - Ныджэкъуэ - Псыущхъуэ

Хы ФIыцIэ Iуфэм Iус ПсыфIыпэ (Лазаревск) и ищхъэрэ-къухьэпIэмкIэ километр 22-кIэ пыIухауэ хым холъэдэж Мэкъупс (Макопсе) псы цIыкIур. Абы и тIуащIэм хъуапсэгъуэу зыдигъэзэгъащ Ныджэкъуэ (Нэджыгу, Наджиго) зыфIаща шапсыгъ къуажэм.

● Тхыдэ



ЛЪАХЭХУТЭХЭМ къызэралъытэмкIэ, къуажэм зэреджэр псалъитIу зэхэухуэнащ: «ныджэ» - рэ «къуэ» - уэ.

А жылэм къыщежьэу псыхъуащхьэхэмкIэ нэхъри дэзыгъэзей гъуэгуитIым я зым Мэкъупс и къуэладжэ зэвым удешэ, адрейм шытх мылъагэм и пщэдыкъкIэ къыщыс Псыущхъуэ жылэм ухуешэ.

БлэкIа мыжыжьэм ехьэлIа дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, тIуащIэм ижькIэрэ щыпсэуа шапсыгъхэм я нэхъыбэм Кавказ зауэжьым и иужьрей илъэсхэм Хэкур ябгынэн хуей хъуащ. Къэна унагъуэ тIэкIур шытхым щхьэдагъэхри Лабэ хэлъэдэж Хуарзэ псым и Iуфэм а лъэхъэнэм иджыри Iусыгъа Хьэджымыкъуэ абээзэхэ къуажэм дагъэтIысхьат. АрщхьэкIэ а жылэри зэхэзехуэн щащIым, Ныджэкъуэ иIэпхъукIахэр къыдэкIыжри къыщыхъуа я хапIэжьымкIэ къагъэзэжащ икIи зи гугъу тщIы къуажэр къагъэщIыжащ. Ахэращ къызытехъукIыжар нобэ мы щIыпIэм щыпсэухэм я нэхъыбэр.

Мэкъупс

Мы псы цIыкIум и кIыхьагъыр километр 12 къудейщ. КъыщыщIидзэр Псыущхъуэ бгым ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ щыIэ и джабэ нэкIухэрщ. Псыр хы ФIыцIэм щыхэлъэдэжым деж щыс урыс-ермэлы къуажэми а фIэщыгъэр, «Макопсе» жыхуаIэр, зэрехьэр.

Гу зэрылъытэгъуафIэщи, «Мэкъупс» щIыпIэцIэр IыхьитIу зэхэтщ: «мэкъурэ» «псыуэ», къикIыр гурыIуэгъуэу. Абы къыхэкIыуи лъахэджхэм ящыщ языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, уэшхыр щыятэ лъэхъэнэхэм къуэм дэт мэкъупIэхэм къахилъэсыкI удз гъуахэр абдежым щежэх псым куэду къызэрыхихьэм къыхэкIащ фIэщыгъэу зэрихьэри.

Куржым хагъэхьэным тIэкIут иIэжар

1919 гъэм и щIышылэм Париж щызэIущIат Сочэ и Iэхэлъахэр (граждан зауэм и гуащIэгъуэу) зэпэзыубыда Куржымрэ (Грузиемрэ) Урысеймрэ я лIыкIуэхэр. Куржым щыщхэм абдежым щагъэлъэгъуат тхыдэм къыхэна я пащтыхьэу Давид УхуакIуэмрэ Тамарэ Гуащэрэ я лъэхъэнэхэм а къэралым и щIыналъэм куэдкIэ зызэхишарэ абы Сочэрэ ТIуапсырэ я Iэгъуэблагъэри хыхьэу зэрыщытам ехьэлIа дэфтэрхэмрэ щIыналъэгъэлъагъуэ картэхэмрэ. А псом къыхэкIыуи яукъуэдият Куржым и гъунапкъэр ТIуапсы къалэ ипщэкъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ километр 14-кIэ «пыIудза» Мэкъупс псы цIыкIум и Iуфэм ирикIуэн хуейуэ. АрщхьэкIэ, телъыджэр аращи, а зэманым ар зымыдэу къэуващ тхыдэм къыхэщыжыр а щIыпIэр зэтезыIыгъа Деникинщ, хужьыдзэм генералу хэтар.

«Псыущхъуэ» ехьэлIа псалъитI

Шапсыгъ диалектым ирипсалъэхэм зэрыжаIэмкIэ, «псыущхъуэ» псалъэм «узыпхрыплъу къабзэ», «уафэм хуэдэу къащхъуэ» мыхьэнэхэращ къарыкIыр.

Ардыдэм и телъхьэщ бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор КIуэкIуэ Джэмалдин. Абы къызэрыхигъэщауэ, псалъэм и иужьрей пычыгъуэм «щхъуантIэ» мыхьэнэр иIагъэнущ икIи псалъэпкъитIым я зэхуаку къыдэувэ «уы» префиксыр «кIуэ пэтми нэхъ щхъуантIэ хъун», «ущхъуэнтIын» егупсысыкIэхэращ зыхуэкIуэжыр.

Нэгъуэщiу жытIэмэ, фIэщыгъэр Iыхьищу зэхэтщ: «Псы - у (ы) - шъ (у) хъо».

Адыгэ Республикэм щыпсэуа, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Мэрэтыкъуэ Къасым зэрыжиIауэ, кIахэ (адыгей) диалектым ирипсалъэхэм «Псыушъхъо» фIэщыгъэм «тхъурымбэ зыщI псы» мыхьэнэри кърагъэкIыу щытагъэнущ.

Шапсыгъ щIыналъэм мы и Iэгъуэблагъэм «Псыущхъуэ» фIэщыгъэм къытехъукIауэ нэгъуэщI щIыпIэцIэхэри щыкуэдщ.

Зи лъахэ итIысхьэжа къуажитI

XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм пащтыхь правительствэм игъэувыIат хы ФIыцIэ IуфэмкIэ гъэза бгыхэм, урысхэм я «жыIэ» емыувалIэу, къафIинауэ щыта адыгэ тIэкIуми я зэхэзехуэныр. КIэлъыкIуэ лъэбакъуэу, ахэр хуит ящIащ алъандэрэ зыдэса къуакIэбгыкIэхэм къыдэкIыу, хуагъэлъэгъуа щIыпIэхэм ящыщу нэхъ яфIэкъабылхэм деж къуажэхэр щаухуэну. Арати, шапсыгъ-хьэкIувхэм ящыщ зы гупым Псыущхъуэ бгыжьым деж щыса пасэрей жылэжьхэм я гъунэгъуу ищхьэкIэ зи гугъу тщIа къуажэр щаухуэжащ. Ар къыщыхъуар 1895 гъэращ.

Iуащхьэ екIуэкIхэм я джабэ нэкIухэмрэ мэзылъэ бгыхэмрэ иджыри къыздэсым уащрохьэлIэ Урыс-Кавказ зауэжьым ипэкIэ мы щIыпIэм щызэрахьэу щыта пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэм я лъэужь телъыджэу къыщызэтена жыгыжьхэм. Абыхэм ноби пхъэщхьэмыщхьэ узыншэхэр къапокIэ.

Ныджэкъуи Псыущхъуи я Iэгъуэблагъэр турист кIуапIэщ. Абыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ, псом хуэмыдэжу гъэмахуэ зэманым. ЩIыпIэм къакIуэхэр гъунэгъу Iуащхьэхэм, псыкъелъэ дахэхэм я Iэхэлъахэм яшэ, шытхыщхьэхэм зыщрагъэплъыхь, мэзылъэ тIуащIэхэм я нэгу зыщрагъэужь.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Хъыбар кIэщIхэр

Къуажэхэм нэхъыбэ щаухуэ

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым и щIышылэм - жэпуэгъуэм къриубыдэу фэтэр куэду зэхэту унэу 51-рэ яIэтащ, унагъуэхэм псэупIэу 2958-рэ яухуащ. ФэтэрыщIэхэр псори зэхэту 4936-рэ хъуащ.

ПСЭУПIЭУ яухуам псоми зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 520,1-рэ ябыдащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 7,8-кIэ нэхъыбэу. Абы щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 397,7-р (проценти 10-кIэ нэхъыбэщ) унагъуэхэм, метр зэбгъузэнатIэ мини 122,4-р (нэгъабэ - метр зэбгъузэнатIэ мини 122,6-рэ) ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм къалъос.

Къуажэхэм псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 284,6-рэ щаухуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 3,6-кIэ ар нэхъыбэщ.

Гулъытэ щагъащIэркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ лэжьакIуэр псэун папщIэ зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэу щIыналъэм щагъэувам зи хэхъуэр нэмысхэм, мылажьэу пенсэм щысхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр ди республикэм щрат. ЖыпIэнурамэ, абыхэм къахь ахъшэм хущIагъу.

РЕСПУБЛИКЭМ апхуэдэхэр цIыху 69 470-рэ нобэкIэ щохъу икIи дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ сом меларди 4,1-м щIигъу а Iуэхугъуэм хухахащ.

ЛэжьапIэ Iутыр псэун папщIэ зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэу щIыналъэм щагъэувамрэ пенсэм щысым иIэ хэхъуэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр, цIыху къэс ейр щхьэхуэу, автомат системэм зэхегъэкI икIи щыIэ мардэм хуэмыкIуэу щытмэ, хущIагъуну ахъшэм и куэдагъыр къебж. Пенсэ щысым и хэхъуэм хохьэ мазэм кърат и пенсэ ахъшэр, зэ тыгъуэу ят хабзэ ахъшэр, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щхьэкIэ худачыхым и куэдагъыр.

2026 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжауэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэу пенсэм щысхэм я ахъшэм яхущIыгъуным теухуа унафэр къэзыщтэнур УФ-м Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкIэ и фондым и къудамэу КъБР-м щыIэрщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЩIэныгъэ

Еджагъэшхуэм и фэеплъу

Дыгъэгъазэм и 10-м щIэныгъэ дунейм щагъэлъапIэ швед еджагъэшхуэ Нобель Альфред (1833 - 1896) и фэеплъ махуэр. ЩIэныгъэлIым къигъэна уэсятым ипкъ иткIэ, а махуэм ят абы и цIэр зыфIаща Нобель саугъэтыр. Ар хуагъэфащэ щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкIыфахэм, къызэрымыкIуэ Iуэхугъуэхэр къызэIузыхыфахэм, дунейпсо щэнхабзэм, жылагъуэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIыфа цIыху щэджащэхэм. Химик цIэрыIуэу, инженер Iэзэу, къэхутакIуэ емызэшу щыта Нобель Альфред езым къызэIуихауэ щытащ патент зыхуагъэфща къэхутэныгъэ 355-рэ, куэд дызыщыгъуазэ динамитри яхэту.

КЪИГЪЭЩIА илъэс 63-м къриубыдэу Нобель мылъкушхуэ зэхуихьэсауэ щытащ. Абы и нэхъыбапIэр къыпэкIуат къигупсыса е къызэIуиха Iуэхугъуэхэм. ЩIэныгъэлIым уэсят ищIауэ щытащ и мылъкум щыщ Iыхьэшхуэ Iуэхугъуэ къызэрымыкIуэхэм щIэдзапIэ яхуэхъуа къэхутэныгъэшхуэхэр къызэIузыха, цIыхубэм яфI къызэрыкIын лэжьыгъэ купщIафIэ зи IэрыкI IэщIагъэлIхэм дунейпсо саугъэту иратыну. Абыхэм ящыщу щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ епхахэм я унафэр яIэщIэлъщ Швецием абы хуэлажьэу къыщызэрагъэпэща IуэхущIапIэхэм. А саугъэтхэм я нэхъыщхьэ дыдэр - Мамырыгъэм и Нобель саугъэтыр - зратынум и унафэр зи Iэ илъыр Нобель и саугъэтымкIэ Норвегие комитетырщ.

Нобель саугъэту ят ахъшэм илъэс къэс зихъуэж зэпытщ. Ар зэлъытар Нобель и фондым къихъуэ мылъкур зыхуэдизырщ. 2025 гъэм ар мэхъу швед кронэу мелуан 11. НэгъуэщIу жыпIэмэ, америкэ доллар мелуан 1,2-рэ е сом мелуан 96,2-рэ.

Урысей къэралым, СССР-м щыщ щIэныгъэлI, щэнхабзэ лэжьакIуэ, тхакIуэ куэдым иратащ Нобель и саугъэтыр. Ар ди къэралым исхэм япэу къыщыхуагъэфэщар 1904 гъэращ. Абы щыгъуэм ар зратауэ щытар Павлов Иванщ, медицинэмрэ физиологиемрэ щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ инхэм папщIэ. А саугъэт лъапIэр иужькIэ зыхуагъэфэщахэм ящыщщ Мечников Илья (физиологиемрэ медицинэмрэ), Семенов Николай (химие), Черенков Павел, Тамм Игорь, Франк Илья, Ландау Лев, Басов Николай, Прохоров Александр, Капицэ Петр, Алферов Жорес, Абрикосов Алексей, Гинзбург Виталий, Новоселов Константин (физикэ), Сенкевич Генрик, Пастернак Борис, Шолохов Михаил, Солженицын Александр (литературэ), Сахаров Андрей, Горбачев Михаил, Муратов Дмитрий (Мамырыгъэм и саугъэт), нэгъуэщIхэми. Псори зэхэту къапщтэмэ, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща ди хэкуэгъухэм я бжыгъэр 26-рэ мэхъу.

А саугъэтыр зратахэм яхэтщ урысей, совет къэралым къыщалъхуауэ, атIэми апхуэдэ пщIэ лъагэ щагъуэтым нэгъуэщI хэкум и цIыхуу щыту ирихьэлIауэ. Апхуэдэхэм ящыщщ Гейм Андрей. Новоселов Константинрэ Гейм Алексейрэ зэгъусэу 2010 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ физикэмкIэ Нобель саугъэтыр. А щIалитIри Совет Союзым къыщалъхуащ, атIэми Гейм саугъэтыр къыщратым щыгъуэ Нидерландхэм щыпсэурт.

Къыхэдгъэщынщи, Краснодар крайм хыхьэ Сочэ къалэм 1958 гъэм къыщалъхуа Гейм Андрей, совет, британ физик цIэрыIуэм, графен пкъыгъуэр къызэрызэIуах щIыкIэр япэу дуней псом къыщызыхутам, и сабиигъуэри щIалэгъуэри Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэкIуащ. ЛъэпкъкIэ нэмыцэхэм ящыщ щIалэ цIыкIур щеджащ икIи ехъулIэныгъэкIэ, дыщэ медалыр и Iэрылъхьэу, къиухащ Налшык къалэ курыт еджапIэ №3-р. Андрей и адэр инженер нэхъыщхьэу щылэжьащ «Электровакуум» заводым, и анэр а IуэхущIапIэ дыдэм къэпщытэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щыIащ. Курыт школ нэужьым Гейм щIэтIысхьащ Москва дэт физико-техникэ институтым (МФТИ). И кандидат диссертацэр 1987 гъэм ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIауэ щытащ РАН-м Пкъыгъуэ быдэхэм я физикэмкIэ и институтым, а институтми лэжьэн щыщIидзащ. ИужькIэ РАН-м Микроэлектроникэмкiэ и институтым ирагъэблэгъащ.

1990 гъэм Гейм Андрей къихьащ Инджылызым и пащтыхьым и нэIэм щIэт щIэныгъэ зэгухьэныгъэм и саугъэтыр. Абы иужькIэ ар хэкум икIащ икIи илъэс куэдкIэ щылэжьащ Ноттингем, Батэ, Копенгаген университетхэм, иужькIэ Неймеген университетым и доцент хъуащ. 2001 гъэм лэжьыгъэм щыпищащ Манчестер университетым. 2010 гъэм дуней псом къыщалъытащ абырэ зи щIэныгъэ унафэщIу щыт Новоселовымрэ я къэхутэныгъэхэм кърикIуахэр. Гейм и гъащIэм хэта Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэм ящыщщ абы нэхъапэIуэкIэ Шнобель саугъэтыр кърататауэ зэрыщытари. ЩIэныгъэлIым къигупсысат хьэндыркъуакъуэхэм щIым лъэмыIэсу малъхъэдисым и къарукIэ къызэребгъэкIуэхьыфынур. Нидерландхэм я цIыхуу илъэс куэдкIэ щыта Гейм дызэрыт илъэсым къыщыщIэдзауэ Великобританием и цIыхущ.

Ди республикэм и къалащхьэм дэт курыт школым курыт щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэту зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ щIэныгъэм и щыгум нэса Гейм Андрей и гъащIэм къегъэлъагъуэ Нобель и саугъэт лъапIэр Москва, Санкт-Петербург щыпсэухэм я мызакъуэу, ди къэралым и хэгъэгу зэхуэмыдэхэм къыщыхъуахэми къызэрахьыфынур. Мис апхуэдэ щапхъэхэм щIэпIыкIын хуейщ республикэм и щIэблэр, щIэныгъэм зэфIэкI лъагэхэр щызыIэрагъэхьэным трагъэгушхуэу. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм Iэмал псори яIэщ, курыт школыфIхэм, центр лъэщхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я деж къыщыщIэдзауэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием къепха институтхэм я деж щиухыжу, я зэфIэкIхэр къыщагъэлъэгъуэну. Шэч хэмылъу, Гейм Андрей и ехъулIэныгъэм къыпызыщэфын, дунейпсо цIэрыIуагъ зэзыгъэгъуэтыфын куэд къахэкIынущ ди щIыналъэм къихъуэ щIэблэ зэчиифIэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэгурыIуэныгъэм и IуэхукIэ

«Украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхынымкIэ Урысейм дэIэпыкъуэгъу нэхъ къыхуэхъуну къилъытэр США-рщ. Европэм езым и «джэгукIэ» ирегъэкIуэкIыж, иджыри зэпэщIэтыныгъэм къызэрыпищэным хущIэкъуу апхуэдэщ», - щыжиIащ УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий «Москва. Кремль. Путин» нэтыным.

КРЕМЛЫМ и лIыкIуэм къыхигъэщащ украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхынымкIэ США-м и Iуэху еплъыкIэр щытыкIэр зэпIэзэрыт хъужыным нэхъ тещIыхьауэ зэрыщытыр. ИкIи дыщIигъужащ Киев мамыр зэгурыIуэныгъэм Iэ щIидзрэ иужькIэ ар имыгъэзэщIэжмэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм Москва арэзы къызэримыщIынур.

«Шынагъуэншагъэм и мызакъуэу, зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзэщIэнумкIэ шэсыпIэ щхьэхуэхэри щыIэн хуейщ, - жиIащ Песков Дмитрий.

Тхьэмахуэ кIуам Путин Владимир Кремлым щахуэзащ США-м и президентым лIыкIуэ Уиткофф Стивенрэ Трамп Дональд и малъхъэ Кушнер Джаредрэ. А зэIущIэм сыхьэтитхум нэблагъэкIэ щытепсэлъыхьащ мамыр зэгурыIуэныгъэм теухуауэ Америкэм къигъэлъагъуэхэм, ауэ лъэныкъуитIри арэзы къэзыщI Iуэху гуэрым къытеувыIакъым.

Фейдэ зыхэлъ зэдэлэжьэныгъэ

Луганск ЦIыхубэ Республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ КНР-м и хьэрычэтыщIэ Iуэху нэхъ инхэр зезыгъакIуэ Ли Чжиюань зи пашэ гуп. ЩIыналъэм и щытыкIэм зыщагъэгъуэза нэужь, Китайм и лIыкIуэхэм мурад ящIащ ЛНР-м и экономикэм инвестицэ халъхьэну.

«КИТАЙМ къикIа Iуэхущ1эгъухэм ядедгъэкIуэкIа зэIущIэхэм япкъ иткIэ, дызэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр къэдгъэлъэгъуащ. Иджыпсту экономикэм и IэнатIэ зыбжанэм зегъэужьынымкIэ проектхэр доубзыху. Ахэр хуэунэтIауэ щытынущ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщыным, бюджет къакIуэ налогыр хэгъэхъуэным, щIыналъэм и хьэрычэтыщIэ Iуэхур къэгъэщIэрэщIэжыным. Ахэр Iэмал хъарзынэщ ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ», - щыжиIащ Луганск ЦIыхубэ Республикэм и унафэщI Пасечник Леонид и телеграм напэкIуэцIым.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, Ли Чжиюань жиIащ республикэм инвестицэ зэфIэкI лъэщхэр зэрыщыIэр икIи КНР-м и хьэрычэтыщIэхэм щIыналъэм и экономикэм я мылъку халъхьэну зэрыхьэзырыр. «Шэч къытесхьэркъым лъэныкъуитIми ди фейдэ зыхэлъ зэдэлэжьэныгъэу ар зэрыщытынум, апхуэдэуи Урысеймрэ Китаймрэ я зэхущытыкIэм адэкIэ зегъэужьынымкIи абы мыхьэнэшхуэ зэриIэм», - жиIащ Пасечник Леонид.

Дыгъэгъазэм и 16, *гъубж*

♦**1890 гъэм** къалъхуащ Мысырым нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министру, премьер-министру щыта **Мэхьмуд (Хьэхъу) Февзи**.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шортэн Аскэрбий**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кушмэзокъуэ Iэсият**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 0 - 2, жэщым щIыIэр градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 17, *бэрэжьей*

♦**Урысейм Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм стратегие мыхьэнэ зиIэ я ракетэдзэхэм я махуэщ**

♦**Урысейм и Къэрал фельдъегер къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1936 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, адыгэхэм я деж печатым зэрызыщиужьам и къэхутакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ХъуакIуэ Заур**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакIуэ **Шыхъуэстэн Абдулхьэмид**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я цIыхубэ артист **Нэхущ Чэрим**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хубэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мывэ дзыкIэ зымыщIэм и щхьэ къохуэж.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

Къэзанокъуэ Жэбагъы и жэуапыр

Хъыбар

Къэзанокъуэ Жэбагъы и зэманым адыгэхэм псэупIэ къыдату щытакъым тыркухэмрэ къэрым хъанхэмрэ. Къытхыхьэрти, дызэрапхъуэрт, дипхъухэр кIэсу дахырт, ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжырти, ежьэжырт.

Ей, бэлыхь мащIэ дагъэшэчакъым дэ абыхэм!

Дыхэзымыгъэхъуари дыкъэзымыгъэхъуари ахэрщ. Зэ къэрымыдзэр, зэми тыркудзэр – япэ къэсыр къыттеуэрт, дахьырт, дафыщIырт. Фэи лыи дагъэщIыртэкъым.

Адыгэхэм, а псор щахуэмыхьыжым, тырку сулътIаным деж тхьэусыхакIуэу ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт ягъэкIуащ.

Нэсри, щыхуэтхьэусыхэм, сулътIаным унафэ ищIащ Мыхьэмэт хьэпшыр хуаукIыну. Iэнэ къахьри, мэлыщхьэ зытелъ Iэнэр сулътIаным бгъэдагъэуващ. Хьэпшырыщхьэ зытелъыр Мыхьэмэт и пащхьэ ирагъэуващ.

– Мыр сытыщхьэ? – жиIэу Мыхьэмэт щыщIэупщIэм:

– Уи щхьэр пхьыжыну уфIэфIмэ, ар шхы! – къыжриIащ сулътIаным.

Сыт абдежым щылъэкIынт Мыхьэмэт?..

«СулътIаныр къызэрытхущытым и хъыбар схьыжмэ, нэхъыфIщ», – жиIэщ игукIи, хьэпшырыщхьэр ишхащ. Къыщежьэжым, хьэпшырыфэр и къэлътмакъым къралъхьащ:

– Аращ адыгэхэм фхуэфащэр, – жаIэри къаутIыпщыжащ.

Апхуэдэ лей Iэджэ ди нэхъыжьхэми ди нэхъыщIэхэми кърахыу щытащ тыркухэм. Ей, бэлыхь мащIэ дагъэшэчакъым дэ абыхэм!

Урысей пащтыхьыр Къэбэрдейм къызэрыкIуари къэбэрдейхэр абы и шуудзэм зэрыгухьари тыркухэмрэ къэрымхэмрэ щызэхахым, еуэри я лIыкIуэ къагъэкIуащ Къэбэрдейм:

– Сыт адыгэхэм фи мурадыр, щхьэ урысыдзэм фагухьа? – жаIэу щIэупщIэну.

А зэманым пщышхуэу Къэбэрдейм исащ щытар Къетыкъуэ Аслъэнбэчти, лIыкIуэхэр щепсыхащ абы и хьэщIэщ бжэIупэм.

- СлIожь, Къетыкъуэ и къуэ, уи мурадыр, – жаIащ лIыкIуэхэм, – урысхэм уадэубзэу ара?

- Сеубзэри сыт, ауэ я пащтыхьыр къэкIуати, шу пежьэ хуэсщIащ, - жиIащ Къетыкъуэ Аслъэнбэч.

ЛIыкIуэр абыкIэ арэзы хъуакъым:

- Хьэуэ, Къетыкъуэ, уи псалъэ щIумылъафэу пэж къыджеIэт, сыт къэбэрдейхэм фи мурадыр? Дэнэ лъэныкъуэкIэ зевгъэщIыну? Хэт дамэгъу зыхуэфщIрэ?

Къетыкъуэ Аслъэнбэч жиIэнури ищIэнури имыщIэжу къэнат. Ар икъукIэ гузавэрт. Щымыхъужым, игъакIуэри Къэзанокъуэ Жэбагъы къригъэшащ. Къэзанокъуэр къызэрысу Къетыкъуэ и къуэм жиIащ:

– Мыращ, мы лIыкIуэхэм сагъэпсэуркъым, дэнэ лъэныкъуэкIэ зевгъэщIыну къэбэрдейхэм, жаIэри. Жэуапу естынур сщIэркъым.

– УмыщIэр жумыIэмэ, нэхъыфIщ, – жиIащ Жэбагъы.

– АтIэ сыт нэхъ еттынур?

– Сыт нэхъ жаIэрэ?

– Ди диныр зыщ, жаIэ.

– Диныр хыхьэ-хэкIщ.

– Урысейм щхьэ зыпыфщIа, жаIэ.

Абдежым Жэбагъы жиIащ:

– Къетыкъуэ и къуэ Аслъэнбэч, мы лIыкIуэхэр къызыщIэупщIэр хэку Iуэхущи, хэку жэуап етыжын хуейщ абыхэм. Сэ сежьэнщи, цIыхухэм сахэупщIыхьынщ, къэсщIэнщ абыхэм я мурадыр.

Ар жиIэри, Жэбагъы ежьащ.

Тхьэмахуэ хуэдизкIэ къэта нэужь, Къэзанокъуэ Жэбагъы къэкIуэжри, тыркухэм яжриIащ:

- Фэ фыкъыщIоупщIэ адыгэхэм ди мурадыр вжетIэну. АтIэ сэ сежьэри сызыхуэзэ псоми сеупщIащ: зи лъэ вакъэ изылъхьэф къэзгъэнакъым, зи щIакIуэ зыщызымыдзэжыф лIыжьхэми сечэнджэщащ, жэрыжэм здытетым налыр шы лъэгум щIэзыудыф лIыхъужьхэми сепсэлъащ, псоми зы жэуапщ къызатар.

- Ар сыт хуэдэ жэуап? – къыщIэупщIащ тырку лIыкIуэхэр.

Ар зыхуэдэр мыращ: благъэ жыжьэ нэхърэ - гъунэгъу-жэрэгъу жыдоIэ. Аращ Къэбэрдейм ди жэуапыр!

Къетыкъуэ Аслъэнбэч зыхуигъазэри:

– Мыхэр хьэщIэщ, хьэщIагъэ ехын хуейщ. Я нэхъ жэрым щыщу адыгэш зырыз ет, ди жэуапыр нэхъ псынщIэу нахьэсыжын щхьэкIэ! – жиIащ Жэбагъы.

Къэзанокъуэ Жэбагъы жиIам ипкъ иткIэ, Тыркум къикIа лIыкIуэхэм адыгэш зырызи иратащ, къэзыгъэкIуахэм деж Къэбэрдейм и жэуапыр нэхъ псынщIэу нахьэсыжын щхьэкIэ.

Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэм кърикIар мырат: благъэ жыжьэр Тыркурат, гъунэгъу-жэрэгъур Урысейрат.

Абы лъандэрэ а псалъэр адыгэхэм ягу къинауэ илъщ.

Жылэр зэтезыIыгъэ Къуиижь ЦIыкIу

Гъэсэпэтхыдэ

Еуэрэ-еуэрэт, жи, мо ХьэтIохъущыкъуейм хуэдэ къуажэ гуэрым я Iэхъуэр Iуичри, жылэр Iэхъуэншэу къэнащ. ЩIэупщIэщ-къыщIэупщIэжри, Iэхъуэн къахэкIакъым. Гъуо ягъаджэри, Iэхъуэу яхуежьэн къыкъуэкIакъым. Къуажэр унащхьэ чэзууэ щIапщытыкIри, ерэхъу жызыIэн ягъуэтакъым. Жылагъуэр зэхуэсщ аби: «Уэ жылэ махуэ хъун, Тхьэм и хьэтыркIэ ди былымыр къулейсыз дывмыгъэщI», – жаIэри зэчэнджэщащ.

А къуажэм дэст, жаIэ, Къуиижь ЦIыкIу, и щхьэфэр гъуэплърэ мы дыщэ плъыжьыр арауэ фIэкIа умыщIэну, махуэм дыгъэм игъэлыдрэ жэщым дунейр игъэнэхуу. А Къуиижь ЦIыкIум, езым хуэдитI и инагъыу хьэмкIутIей башышхуэ кърибзэщ аби, жылагъуэм я пащхьэм къыщыхисащ:

- Уей, жылэ махуэ хъун! – жиIэри. – Сэ Iэхъуэу сыфхуежьэнщ, ауэ махуэу си пыIэ щхьэрывмыгъэз, жэщу фыкъызэмыплъакIуэ, си зэхэзекIуэ фыкъемыщхьэкIуэ, си Iэхъупщlэми къыкIэлъызывмыгъэкIуэхь!

Жылэр гуфIащ:

- Ахьай хъун! Ар мыхъумэ, сыт хъужын! – жаIэри, Къуиижь ЦIыкIу Iэхъуэ лIыщIэу къащтащ.

Арати, езым хуэдитI хъу башыжьыр здещтэри, Къуиижь ЦIыкIу хъушэр хъун къырым еху. Пщэдджыжьым егъэхъуакIуэ, шэджагъуэм псыхъуэм щегъэбэдзауэ, пщыхьэщхьэм псынэпс ирегъафэри, жэм шхуэлхэр хьэфэ топу къехуж. Хъушэр щыдэкIкIэ, сабэр къаIэтауэ докI, къыщыдыхьэжкIэ я быдзыпэм къыпык шэм гъуэгу сабэр зэрипхъуэу къыдохьэж. ШкIэуэ къалъхур натIэ гъуджэрэ лъакъуэ джафэу – апхуэдэт, жи.

Арати, къуажэм зыкъаужьыж, жылэр псынщIэу бей мэхъу, цIыхур щокI.

Йоуэри, и пIалъэр къэса хъунти, Къуиижь ЦIыкIу и фызыжь цIыкIур щIыгъуу хохьэри, Iэхъупщlэр къыхах – шэр шэуэ, шатэр шатэу, кхъуейр кхъуейуэ, нартыхури апхуэдэу, хури апхуэдэу. Арати, нэху къокIри, пщэдджыжьым, Къуиижь ЦIыкIу, Iэхъуэ щыдэкIым, и фызыжь цIыкIум унафэ къыхуещI:

- Фызыжь цIыкIуу фызыжь цIыкIу, – жи, - шхурэ мырамысэрэ сигу къэкIащи, мо шэ пэгуныр схуэгъапцIэ, мо нартыху матэр хьэжи, мырамысэ лэгъуп схуэщI!

Къуиижь ЦIыкIу хъушэр дехури докI, фызыжь цIыкIум нартыху матэр ещтэри, Щоджэнхэ я щхьэлыжьым макIуэ. КIуа щхьэкIэ щхьэлынэм ирагъэкIуалIэркъым: щхьэлтетыр нэкIэ къеплъыркъым, щхьэлакIуэлIхэм Iумпэм къащI, щхьэлакIуэ фызхэр къодэмэпкъауэ:

– Сытым ещхь, – жаIэ, – и лIыр къуиижь цIыкIуу, езыр гъуабжэжь цIыкIуу, Iэхъуэу, пщамIахъуэу, я шыуан дзыгъуэ цIыкIу хэупIэрэ я хьэжыгъэр дзыгъуэшхуэ лIапIэу!

Жэщ хъуху Iуфэр къижыхьу щот фызыжь цIыкIури, ихьар зэрихьауэ къехьыж. Къуиижь ЦIыкIу къосыжри, куэбжэм деж къыщогуо:

- ПсынщIэу, - жи, - шхын щхьэкIэ солIэ: мырамысэ лэгъупрэ шэ пэгун къипцIыкIа шхурэ къысхутегъэувэ!

Фызыжь цIыкIур магъри, и Iуэху зэрыхъуар хуеIуэтэж.

- Тхьэм къахуигъэгъункъым! – жеIэри, зэлIэзэфызыр нэщIу мэгъуэлъыж.

Нэху къокIри, пщэдджыжьым Къуиижь ЦIыкIу, хъушэр щыдихум, и фызыжь цIыкIум унафэ къыхуещI:

- Фызыжь цIыкIуу фызыжь цIыкIу, – жи, – IэфI сигу къэкIащ: ди къамылыр Пырхъышхэ я къамылфопIытIым лъэфи пIытI, гъави, пщыхьэщхьэ сыгъэшх!

Къуиижь ЦIыкIу Iэхъуэ докI, фызыжь цIыкIум гъубжэ ехьри, я къамыл тIэкIур къехыжри, Пырхъышхэ я фо пIытIым елъэф. АрщхьэкIэ фопIытIым къилъагъуркъым, фо пIытI кIуа лIыхэр къеплъыххэркъым, фо пIытI кIуа фызхэм Iумпэм къащI:

– Сытым ещхь зэлымпIыжауэ! – жаIэ. – И лIыр Iэхъуэу езым ихъун имыIэу, зылI иIэрэ къуийуэ, унэ иIэрэ нэфу! КIуэж, дихыжын, уи мэ къытщумыгъэу! – жаIэри къахуж.

Къуиижь ЦIыкIу къосыжри, куэбжэм къыщыдыхьэжкIэ, къогуо:

- ПсынщIэу, - жи, - фызыжь цIыкIу: фалъэм и нэр къыщыпкIрэ Iэнлъэм изыр пкIыжауэ! Сомэх!

Фызыжь цIыкIур магъри, фопIытIым къыщыхъуар жреIэж.

- Зымыгъэгъум ари игъэгъункъым! - жеIэри гъуэлъыжыну щыхуежьэкIэ, фызыжь цIыкIу къокIэрахъуэ и гупэми къегъэувыIэ:

- Къуиижь ЦIыкIуу къуиижь цIыкIу, - жи, - жылэм я Iэхъуэу зыхъун зымыгъуэт, ди гъунэгъум я хьэгъуэлIыгъуэщ: зыкъыблегъэх-зыблегъэхыж, хэт ищIэн, гу къыплъатэмэ, урагъэблэгъэнщ. КъэпшхIами уи хьэлэлщ, къэпхьIами си Iыхьэщ!

Къуиижь ЦIыкIу, йоуэри, зыблрегъэх-зыкъыблрегъэхыж, зыри щыжамыIэкIэ дохьэ, нэхъыжьхэм я деж щIохьэри, гуп махуэ апщий яжреIэ – къызэхахыркъым; нэхъыщIэхэм я дежкIэ йокIуэкIри, гуп махуэ апщий яжреIэ – кърадзэххэркъым, пщафIэм ябгъэдохьэри къыIуахуж. Арати, а жэщыми зи ныбэ изыр шхащ, зи ныбэ нэщIыр мышхэу гъуэлъыжащ.

Нэху къокI, пщэдджыжьым Къуиижь ЦIыкIу къотэджри мэджджытым макIуэ. Нэмэз нэужьым жэмыхьэтыр къыдэкIыж пэтрэ Къуиижь ЦIыкIу япоув:

- Уей, жэмыхьэт махуэ хъун! – жи. – Фи былымыр дэнэ щыIэ?

- Дэнэ щыIэн? - жаIэ. - Ди пщIантIэ дэтыжщ. Къэшын яухмэ ныдэтхунщ.

– НтIэ, – жи Къуиижь ЦIыкIу, – фи былымыр фи пщIантIэ дэтыжмэ, мыри фи Iэхъуэ башщи, хьер фхухъу! – жиIэри, езым хуэдитI хъу хьэмкIутIей башыр жэмыхьэт пащхьэм къыщыхитIэщ аби, къеуэри къыдэкIыжащ.

КъыдэкIыжри, фызыжь цIыкIум и Iэпэр иубыдри, мис мы ди къуажэ хуэдэ гуэрым кIуэри, Iэхъуэ лIыщIэу хуежьэри, игъэунащ.

МодэкIэ жэмыхьэт къэнар зэхэупщIыхьыжри, Къуиижь ЦIыкIу и хьэмкIутIей башыр къыхэзычын къахэкIакъым; гъуо ягъаджэри Къуиижь ЦIыкIу и башым зыгуэри къыкIэлъыкIуакъым; унащхьэ чэзууэ кърахьэкIри, зэзыпэсын ягъуэтакъым. Апхуэдэурэ Къалэжьым я былымыр къулейсыз хъуащ, гъавэр гъейм ихьащ. ЦIыхур къулейсыз щыхъум, я щхьэ щIахьэри щIэкIащ. КъуажэкIэ дыдэм деж зы фызыжь цIыкIу щыпсэурти, еплъщ-еплъри, зэкуэфэуэжащ, жи:

- Тобэ, тобэ, мы жылэр Къуиижь ЦIыкIу зэтриIыгъэу хэт и фIэщ хъунт! – жиIэри.

А фызыжь цIыкIум нэхъ губзыгъэ а жылэм къыдэкIакъым, жи. Иджырей Къалэжьыр а фызыжь цIыкIум къетIысэкIыжахэращ. Ар уи фIэщ мыхъумэ, Къалэжьыкум деж ит мывэжьым бгъэдэс фызыжь цIыкIум еупщI: сэ аращ жызыIэу зэхэсхар – къызэрызащамкIэ узощэж.

• Литературэ

Нэгъуей Ахьмэд и дыгъэ-мазэр

ЦIыхур гъэщIэгъуэныщэу къигъэщIащ... IэщIагъэщIэныгъэр зыуэ, ипэжыпIэкIи хуэIэижьу, и гурыгъугурыщIэкIэ нэгъуэщIу, ари гъуэзэджэ гуэру зэхэлъу. Куэд щIауэ уи нэIуасэ гуэр апхуэдэ цIыху къызэрымыкIуэхэм зэращыщыр къыщыбгурыIуэкIэ, уогуфIэ, нэхъыбэм къезгъэцIыхуащэрэт, жыуегъэIэ.

АПХУЭДЭЩ Нэгъуей Мухьэб и къуэ Ахьмэд - Бахъсэн къалэ округым и курыт еджапIэ №2-м и унафэщIыр.

Ахьмэд Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ 1977 гъэм. Абы курыт еджапIэ №2-р къыщиухри, Москва эксперт - гуманитар университетым щIэтIысхьащ, юрист-криминалистуи еджащ, иужьым РАНХиГС-м менеджментым щыхуеджащ, КъБКъУ-м къыщиухыжащ магистратурэр.

1998 гъэм Ахьмэд педагог-психологыу, лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэн къалэ дэт курыт еджапIэ №4-м. ИужькIэ абы къыхуагъэфэщащ курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ къулыкъур. 2015 гъэм ар и унафэщI хъуащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Бахъсэн къалэ округым и курыт еджапIэ №2-м.

Юрист-криминалист IэщIагъэ гугъур зэзыгъэгъуэта Нэгъуейм егъэджакIуэ, гъэсакIуэ IэщIагъэр и псэм нэхъ дыхьэу къыщIэкIащ. ИкIи, унафэщI къулыкъум къызэрытехьэу, и пщэ къыдалъхьа курыт еджапIэм къыщызэригъэпэщащ кадет класс, регбимкIэ ЦСКА-м и спорт клуб. Нэгъуейм и жардэмкIэ Бахъсэн къалэ округым япэ дыдэ щагъэхьэзыру яублащ дзэ Iуэху хэхахэм къыщагъэсэбэп щIытI тепхъуэхэмрэ уэздыгъэхэмрэ.

ЦIыху зэчиифIэм и зэфIэкIхэр гъунапкъэншэу жыхуаIэр пэжу къыщIэкIынущ – Нэгъуей Ахьмэд икIи усакIуэщ. Адыгэбзэри урысыбзэри зэхуэдэу игъэшэрыуэу матхэ икIи тхэн щIэзыдзагъащIэхэм я щIыналъэ зэпеуэм япэ увыпIэр къызэрыщихьам папщIэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм сагъэткIэ игъэлъэпIащ. Фи пащхьэ идолъхьэ Ахьмэд и усэ Iэрамэ.

Сыт щыгъуи...

Сэ уэркIэ сыщыIэнущ, ар зэгъащIэ!
Сыщыяпэнущ, пщIэрэ, сэ уи дей.
ЗэрыутIыпщми ди Iэхэр мы гъащIэм,
Мы тIэкIуращ уэ пщIэну сызыхуейр:
Сытридзэнщ натIэхум бжьыхьэ дыгъэу,
УтIэрэзахэм жьыбгъэу срищIэнщ,
ГукъэкIыж гуэр уи гущIэм щыбгъэтIыгъуэм,
Сэраи ар - хуабагъэмкIэ къэпщIэнщ.
СылъэIэсынщ нэкIущхьэхэм акъужьу,
Гъатхэ епэрым и мэри уэстынщ,
Псэ зыIут псори къыщыуш пщэдджыжьу,
Нэхущым уи пщIыхьэпIэм сыхэтынщ.
ПсыхуэлIэ гуащIэр изыгъэкI Iубыгъуэу,
Гъэмахуэм уэшхыу сыкъыптещэщэнщ,
УпщIыIужынущ, узэримыгугъэу,
ЩIэча щIыщхьэфэр къэзгъэбэтэжынщ.
ЩIымахуэ уаем уэс къыщрихьэкIым,
Уэс налъэ закъуэу Iупэм сыщыткIунщ,
Уигу игъэхуабэу, фIыкIэ уигу сыкъэкIым –
ЖыIэмыдаIуэ нэпсу сыщIэткIунщ.

* * *

Къызбрун бгъуэнщIагъым хуэдэу,
ЩIелъэсыкI си гъащIэр.
Дунеижьым къызеIуэкIыр
Уэ сызэрыпщыщIэр.
КъафэпIэжь, Тхьэм щыгухьэжыр
Нобэ утыку нэщIщ.
Зи нэхъыжьыр зимыIэжыр
Ар Дыгъэншэ пэщIщ...

* * *

Сэ си цIыкIущхьэ зэи сымэжэлIакъым –
ЩIэщыгъуэ куэд уи Iэгум исшхыкIащ.
Уэ уи щхьэ, Дадэ, зэи уелIэлIэжакъым,
Дунейр чэзущ, ар хьэкъыу сэ спхыкIащ!

* * *

Дахагъэу щыIэм иIэщи чэзу,
Чэзууэ хъуами я дахагъ яIэжщ:
Ар хуэдэщ бжьыхьэ кIапэм, къуалэбзу
Къыщраша абгъуэжьу бзу «унэжьым».
Я дамэхэр уэгу хьэрш щаукъуэдийуэ,
Хьэуам и хуитыныгъэмкIэ загъэнщI.
Дэплъейрэ, фыгъуэ зиIэм и лъыр дийуэ,
КъэкIуэнум и акъылыр хуеузэнщI.
Насыпщ зытепшэщIарэ зэхурикъумэ,
Дахагъэмрэ чэзумрэ зэпашачэм!
Егъэлеямэ зыр, адрейр мэхъужыр някъуэ –
Зым щIыгъужам хуэдиз адрейм хуэчэму.

* * *

Сэ ныщхьэбэ си псэр дамэдазэщ:
Си нэ узыр нахуэм – си гуузыр щэхущ.
ГущIэ гъазэу сиIэр Дыгъэ-Мазэщ,
Ди насыпыр быным – дэ а тIур диIэхущ!
Сыщыхъумэ, ди Тхьэ, тэмакъ кIэщIым:
ЖызмыIам и купщIэр хъуэ жан!
Сыкъызэребакъуэрэ анэкуэщIым
ИремыкI си псалъэ зыми и зэран!
Сыщыхъумэ, ди Тхьэ, гу быдэным:
АнэкIилъху сыхуэгунэфмэ, сыхъу хьэфиз!
Сэ нэгъуэщIу си гум имыдэну!
Щрехъу анэш пщIантIэм я гур из!
Я дэтхэнэри щыхъумэ закъуэныгъэм!
НэхъыфI защIэу щыIэм схухуэгъазэ!
Ягухэр къреуIэ лъагъуныгъэм!
Къытхуэхъумэ бынхэм Дыгъэ-Мазэр.

Бжьыхьэ

УиIар къыщыпщIэр – ар ущимыIэжырщ,
Абы и мыхьэнэм уигъэгупсысэу.
БлэкIар – ар зэрыщыту гукъэкIыжщ,
УкIэлъыIэбэми, къэкIуэнум зигъэгусэу.
КъэкIуэным псори фIыкIэ дыщогугъ,
Насыпращ и купщIэр ди хъуэпсапIэм.
Апхуэдэм дежи дощIыр нэхъ и гугъу
Зым хуэмыныкъуэу а зы Алыхь лъапIэм.
Худохьыр дыщIэгушхуэр, дыщIэдзыхэр,
Гурылъхэр щэхуу лъэIукIэ худоIуатэ,
Зэм-зэм дызыщIогупсысыж езыхэр,
Апхуэдэурэ ди гъащIэри мэкIуатэ.
Къэса иужькIэ махуэ узэмыжьэр,
Зы куэщI ирапIыкIахэр зэщIекъуэж.
Къыбогъуэтыж гъунэгъуу уфIэжыжьэр,
Зэману бгъэкIуэдам ухущIогъуэж.

Зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ**.

Нарт Сосрыкъуэ и бжьищ



Нартхэ я санэхуафэти, нарт Сосрыкъуэ яхыхьащ, бжьищи здихьащ:

– Нартхэ сехъуэхъунщ, – жиIэри.

Хъуэхъур къыщылъысым, нарт Сосрыкъуэ зы бжьэр къызыкъуихащ, санэ иригъахъуэри, нартхэ ехъуэхъуащ.

Иджы, – жиIащ нарт Сосрыкъуэ, – си къуэр лIы хуэдэлIщ жызыIэр кърэтэдж, мы хъуэхъубжьэр естынущи. Зэстынур лIыгъэ зыхэлъ къуэ зиIэрщ – гъуэгу техьэфрэ зылъежьар къехъулIэу. Хэт иIэ апхуэдэкъуэ?

– Сэ сиIэщ, – жери зы лIыжь къэтэджащ. – Ежьауэ гъуэгу тетщ.

– ЩIежьар Тхьэм къригъэхъулIэ, – жиIащ нарт Сосрыкъуэ. – Апхуэдэкъуэ уиIэмэ, мы бжьэр пхуэфащэщи, узот, итыр ифи, зэрытыр здэщтэ.

Бжьэр Iихри, лIыжьыр ефащ.

Нарт Сосрыкъуэ етIуанэ бжьэр къызыкъуихащ, санэ иригъахъуэри жиIащ:

- УкъэзымыгъэукIытэжын бзылъхугъэ си унэ исщ жызыIэр кърэтэдж, мы бжьэр естынущи. Хэт и унэ ис щхьэгъусэм и пщIэр зылъытэф бзылъхугъэ?

- Си унэ исщ апхуэдэ бзылъхугъэ, – жери япэ бжьэр зрита лIыжьыр къэтэджащ. - Дызэрызэдэпсэу лъандэрэ сигу зригъэбгъакъым, – жиIащ.

- Апхуэдэ бзылъхугъэ уи унэ исмэ, мы бжьэри зыхуэфащэр уэращ, - жери нарт Сосрыкъуэ бжьэр лIыжьым IэщIигъэуващ. - Итыр ифи, зэрытыр здэщтэ.

ЛIыжьыр бжьэм ефащ.

Нарт Сосрыкъуэ ещанэ бжьэр къызыкъуихащ. Санэр из ищIри, мыр жиIащ:

- Си унэ къихьэм нэмыс хуэсщIынщ, нэмыси зыхуезгъэщIынщ, гуащэрэ тхьэмадэкIэ щыщIегъуэжын къэхъункъым жызыIэм мы бжьэр естынущ. Хэт игурэ и щхьэрэ зэтелъ абыкIэ?

- Сэ, – жери къэтэджащ бжьитI зрита лIыжьыр. - Ди унэ къихьэ ди нысэ цIыкIум игу щызэдгъэбгъэн къэхъункъым.

- Абы щыгъуэ мы бжьэри уэращ зыхуэфащэр, - жери нарт Сосрыкъуэ бжьэр лIыжьым хуишиящ. - Итым ефи, зэрытыр здэщтэ.

Бжьищыр итри, нарт Сосрыкъуэ санэхуафэм яхэкIыжащ.

Нарт Сосрыкъуэ и бжьищым и хъыбар ежьэри, жылэм хэз хъуащ. Бжьищыр зрита лIыжьым и къуэр пщащэ цIэрыIуэ гуэрым лъыхъуат – арат зылъежьар. Нарт Сосрыкъуэ и бжьищым и хъыбар пщащэм дежи нэсащ.

– Апхуэдэ унагъуэ уихьэ хъунущ, – жери пщащэр нарт Сосрыкъуэ бжьищ зрита тхьэмадэм и къуэм къыдэкIуащ.

И азэн джэкIэр

Ефэндым нэхъ макъыфI зиIэ сохъустэхэм, махуэхэр ятригуэшауэ, азэн игъаджэрт. Хъуэжэи абыхэм ящыщ зыти, абы жумэ махуэр – мэремыр къылъысырт, азэн джэн хуейуэ. Хъуэжэ и махуэр щыгъупщэжри, блыщхьэ махуэм азэнджапIэм дэкIуеяуэ жумэ махуэм зэрыджэн хуейм хуэдэу азэн джэрт.

Ар щызэхихым, «мыр делэ хъуа» жиIэри, ефэндыр Хъуэжэ деж псынщIэу кIэлъыдэжеящ.

– Сыт мы пщIэр, ди напэр тыбох, нобэ блыщхьэ махуэм жумэ махуэм ещхьу уджэ хъурэ, – жиIэурэ ефэндыр Хъуэжэ и кIэм къекъурт, ауэ ар къыхутемыкIыурэ азэн джэн иухащ. ИужькIэ Хъуэжэ и щыуагъэр къыщыгурыIуэжым, щхьэщригъэлъэфыну щхьэусыгъуэ къигъуэтащ:

– Уа, ефэнды, уи жэмыхьэтыр блыщхьэм уджауэ мэремым къыпхузэхуэсмэ, бдэнтэкъэ? – жиIэри.

Сэри джэдлыбжьэ дэгъуэу сощIыф

Зы пщэдджыжь гуэрым Хъуэжэ фыз Iэгуаплъэм деж кIуэри еупщIащ:

- ЩIэрыкIуэр згъажьэу пщIыхьэпIэу слъэгъуащи, согузавэ, сыту пIэрэ абы къикIыр? – жиIэри.

- Джэд фIыцIэ си IэкIэ фIэзгъэжу и джэдыцыр щIым щIэзмытIэжауэ уи пщIыхьэпIэм къикIыр тэмэму къысхуэщIэнукъым, кIуэжи джэд фIыцIэ къысхуэхь! – къыжриIащ Iэгуаплъэм.

- Джэд фIыцIэ сиIатэм щIэрыкIуэ згъажьэрэт, сэри джэдлыбжьэ дэгъуэу сощIыф! – жриIэри Хъуэжэ къыщIэкIыжащ.

Хъуэжэрэ ефэндымрэ

Зэгуэрым къуажэ ефэндым хьэжыгъэ къэп някъуэ щхьэлым къыщIихыжауэ къыздихьыжым, зэплъэкIри Хъуэжэ къакIуэу къилъэгъуащ. Ар зэрилъагъуу ефэндым, хьэжыгъэр игъэуври, и ныбэр иIыгъыу етIысэхащ, Хъуэжэи къакIуэурэ ефэндым деж къэсащ.

- Мыр сыт, ефэнды, уи ныбэр пIыгъыу щхьэ ущыс? - жиIэри еупщIащ.

- Мы хьэжыгъэ тIэкIур щхьэлым къисхыжырти, си ныбэр Iейуэ къыхэлъэдащ, мы тIэкIур нысхуэпхьыжтэм, - жиIащ ефэндым.

Хъуэжэ хьэжыгъэр къиштэри, ефэндым и унэм нэс къыхуихьыжащ.

Куэбжэм къызэрысыжыххэу ефэндым жиIащ:

- Хъунщ иджы, си ныбэри хъужащ, Тхьэр арэзы къыпхухъу!

- Хьэжыгъэр къэпхьыжынутэкъыми аращ а уи ныбэр щIэузар, ефэнды, – жриIащ абы Хъуэжэ.

- Апхуэдэу жызмыIамэ, хьэжыгъэр уэ къысхуэпхьыжрэт, – жиIэри ефэндыр дыхьэшхыурэ дыхьэжащ.

Абы иужькIэ заул дэкIауэ, Хъуэжэ нэгъуэщI къуажэ къикIыжу къыздэкIуэжым къызэпрыкIыжын хуейуэ псышхуэ къыIухьащ. Псым лъэмыж телътэкъыми, зитIэщIу къызэпрыкIын хуейт. ЗитIэщIын щхьэхри, «гу гъуэгурыкIуэ къысхуэзэмэ» жиIэу зигъэкIэрахъуэу псы Iуфэм здыIутым, плъэри, хьэжыгъэр езыгъэхьыжа ефэндыр къакIуэу къилъэгъуащ. Ар къызэрилъагъуу Хъуэжым зыкъигъэмэхащ. Ефэндыри къэсри, Хъуэжэм зимыщIэжу щылът. Сыт ищIэнт? Ефэндым зитIэщIщ, и щыгъыныр IэкIэ къиштэщ, Хъуэжэр и щIыб кърилъхьэри, псым къызэприхащ. Хъуэжэ псы Iуфэм деж игъэтIылъри, ефэндым зихуэпэжащ, арщхьэкIэ дэплъейри дыгъэр шэджагъуапIэм къиувати, андез ищтэри, нэмэз ищIу удзыпцIэм хэтIысхьащ. Абы и нэмэзыр иухыху Хъуэжэ емыжьэфу къыIукIуэсыкIри къэкIуэжащ. Ефэндым и нэмэзыр иухыу Хъуэжэр щимыгъуэтыжым, ирищIар къызэрырищIэжар къыгурыIуэжащ.

ЖинIэзэмрэ Хъуэжэрэ

ЖинIэзэу зигъэIуауэ, цIыхухэр къигъапцIэу Хъуэжэ гъунэгъу фыз гуэр иIэт. Абы деж сымаджэу къекIуалIэ псоми, сыт хуэдэ уз къемыузми, хущхъуэу яритыр зыт: шывей гъурым къыщIэгъэвыкIа псыт. Апхуэдэу зэгуэрым Хъуэжэ и фызри сымаджэ хъуауэ, абыи а хущхъуэ дыдэр къритащ. Абы зэгуигъэпа Хъуэжэ жинIэзэм деж кIуэри еупщIащ:

- Узыфэ псоми хущхъуэ яхуэхъуу мы шывеимэ къызыхих псыр дэнэ къыщыбгъуэта? – жиIэри.

- Алыхьым и деж нэмысын апхуэдэ псалъэхэр жумыIэ, си жинхэм къыпхуагъэгъункъым. Жинхэм сатесу хущхъуэхьэ ахърэтым сыщыкIуэкIэ, си фэм дэкIыр уэ пщIатэм, апхуэдэу укъызэупщIынтэкъым, – къыжриIащ жинIэзэм.

– КъызгуроIуэ, къызгуроIуэ ар зэрымытыншыр. Пшэм ущыкIуэцIрыкIкIэ, шыкIэ гуэрым уи напэм къыщIихулыкIрэ? – жиIэри еупщIащ аргуэру Хъуэжэ.

– АтIэ, мыгъуэ, мызэ-мытIэу къыщIехулыкI, – къыжриIащ жинIэзэм.

– АтIэ, зэгъащIэ, ар си шыпэхужьым и кIэр аращ, ар махуэ къэс ахърэтым кIуэурэ и шывейхэр абы щызыкIэрегъэху, уэ ахърэтым къипх шывейхэр си шыпэхужьым абы щигъэтIылъу аращ. Ауэ щыхъукIэ, дяпэкIэ шывей щхьэкIэ ахърэтым нэс ущIэкIуэн щыIэкъым, си шэщыжьымкIэ некIуэкI, – жриIащ Хъуэжэ жинIэзэм.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ**.

• ДифI догъэлъапIэ

НЭХУЩ Чэрим:
«Уэрэдыр гумрэ псэмрэ дыхьамэ...»

УФ-м щIыхь зиIэ и артист, зи псэр дахагъэм, фIыгъуэм, макъамэмрэ пшыналъэмрэ къыхуигъэщIа, адыгэ щыпсэу дэнэ щIыпIи къыщацIыхуа, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэджыIакIуэ Нэхущ Чэрим и ныбжьыр пщэдей илъэс 55-рэ ирокъу. Абы ирихьэлIэу Чэрим зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм фыщыдогъэгъуазэ.

- Чэрим, фIэщщIыгъуейщ уи макъ зэхэзымыха, уи уэрэд емыдэIуа зы адыгэ унагъуи щыIэу. Дауи, уи ныбжьым къриубыдэу псалъэ гуапи, щытхъуи мымащIэу зэхэпхащ. Уэ езым уи хъуэхъуэкIэми псори дыщыгъуазэщ. ЖыпIэнурамэ, адыгэхэм хъуэхъуэныр зыхэтлъхьэ щымыIэу тфIэфIщ. Уэ узэреплъымкIэ, сыту пIэрэ абы и щхьэусыгъуэр?

- Пэжым ухуеймэ, сэ псори зыщIэхэм сащыщкъым, ауэ сщIэ мащIэмкIэ сыбдэгуэшэнщ. Адыгэм сыт хуэдэ Iуэху иублэми ирихьэлIэми, сыт щыгъуи хъуэхъур и щIэдзапIэу къокIуэкI. ХъуэхъукIэ яхыхьэрти, къыщыхэкIыжкIи я псалъэм ар и кIэух хъурт. Апхуэдэт дыкъызыхэкIа лъэпкъым и нэщэнэр, и хабзэр, и бзыпхъэр.

- Сыщымыуэмэ, цIыхум и дуней еплъыкIэми и гупсысэкIэми зэфIэувэн щыщIидзэр, езыр къызыдэкIа жылэр, щапIа унагъуэр арагъэнщ. Уэ езыр Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм укъыщыхъуащ. А жылэжьым IуэрыIуатэ, пшыналъэ куэди къыдокIуэкI. ДжэгуакIуэжь куэди къыдэкIащ...

- Ди щIыналъэм нэхъ цIэрыIуэ дыдэу, уей-уей жезыгъэIэу иса джэгуакIуэхэр ди къуажэм щыщщ. Абы си щхьэкIэ сропагэ икIи срогушхуэ. Адрейхэм къащхьэщыкIыу, джэгуакIуэхэм куэдым гу лъатэрт, жаIэри цIыхухэм я фIэщ хъурт. НэгъуэщIхэм кърамыгъэзэгъыфу гъащIэм къыщекIуэкIа Iуэхугъуэ е хабзэ-бзыпхъэ теухуауэ а джэгуакIуэ дыдэхэм ящIэхэр цIыхухэм нэхъ хапщэжу къэгъуэгурыкIуэрт, пщIэшхуэ щIаIэри арат. Ди къуажэ къыдэкIа джэгуакIуэхэм псори фыщыгъуазэщ. Ар Щоджэн Iэсхьэд сымэ я джэгуакIуэ гупырщ.

- Дауи, Чэрим, уи сабиигъуэр гъэщIэгъуэну къызэрекIуэкIам шэч хэлъкъым. Хъыбарыжь, уэрэдыжь куэдым ущIапIыкIащ, ахэр гъащIэм къыщыпхуэщхьэпэу къыщIэкIынущ...

- Пэжщ. Ди адэм хъыбарыжь къыщиIуэтэжкIэ, зэкъуэшиплI дыхъурти, нэхъыжьхэр тIэкIу теплъэкъукIамэ е мащIэу загъэхъеямэ, ешхыдэрт. Сэ зэкъуэшхэм сранэхъыщIэ дыдэти, зызмыгъэхъейуэ, абы жиIэм щыщу зы псалъи дэзмыгъэхуу седаIуэ къыщIэкIынт, сызэрынэхъ цIыкIум щхьэкIэ. Зэман дэкIри, псори балигъыпIэ дивващ, бынунэ зырыз дыхъужащ. «ФщIэжрэ, ди адэ мыгъуэм мыр щIыжиIар мырат, е псэужамэ, мыр мыпхуэдэут зэрищIынур», - щыжысIэкIэ, си къуэш нэхъыжьхэр мэгушыIэ, ди адэм ахэр щыжиIам дэ дэнэт дыздэщыIар, жаIэу. Пэжщ, дауи, дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми бынхэр зыщIапIыкIыр арагъэнщ дэри дызыщIапIыкIар. Пэжым ухуеймэ, нобэр къыздэсым сэбэпышхуэ къысхуохъу си адэ-анэм я ущиер. Гъэсэныгъэ дахэ я псэ емыблэжу къытхалъхьащи, сахуэарэзыщ.

- Чэрим, уэ езым уэрэдыжькIэ къыщIэбдзауэ, иджы эстрадэ уэрэдхэмкIэ адыгэбзэр богъэбзэрабзэ. Япэ лъэбакъуэхэм теухуауэ сыт уигу къэкIыжрэ?

- Псалъэм папщIэ, си цIыкIущхьэм щыгъуэ телевиденэм адыгэ уэрэдыжь жытIэну дызэрырагъэблэгъауэ щытар сигу къинэжащ. Ещанэ классым сыщIэсу, илъэсибгъу ныбжьым ситу, «Алий и гъыбзэ» адыгэ уэрэдыжьыр жысIэн хуейт, епщIанэ классым щеджэ, сэ нэхърэ фIыуэ нэхъ лъагэ щIалибгъу къыздежьууэ. Уэрэдыр ятхри, дыкъызэраша автобусымкIэ дашэжащ. Абы иужькIэ, илъэс бжыгъэ зыбжани дэкIыжауэ, сэри нэхъ балигъ сыхъуауэ, еянэ-ебгъуанэ классхэм сыщIэсу аргуэру телевиденэм срагъэблэгъат. ПолэкIэ еджэу зы цIыхубз къыдбгъэдыхьэри, щIэупщIащ дыкъыздикIам. ХьэтIохъущыкъуей дыкъызэрикIар щыжытIэм, абы къытхуиIуэтащ зы илъэс зыбгъупщI ипэкIэ адыгэ уэрэдыжьхэр игъэзащIэу, гъыбзэ жиIэу зы щIалэ цIыкIу студием къэшауэ зэрыщытар. Телевиденэм и лэжьакIуэхэр а уэрэдым къытрагъэзэжурэ зэреплъыжар, едэIуэжыхункIи зэригъэгъар. А щIалэ цIыкIур фымыцIыхуу, и цIэр фымыщIэу пIэрэт, щыжиIэм, си гъусэхэм ящыщ зым, и Iэпэр къысхуишийри, жиIат: «Мис мыращ ар!». АрщхьэкIэ Лолэм идэртэкъым: «Хьэуэ, ар щIалэ фIыцIэ цIыкIущ», - жиIэгъат, апхуэдиз зэман зэрыдэкIыжами, сэ сызэрыхэхъуами емыгупсысу.

Япэу адыгэ уэрэд жысIэу утыку сыкъыщихьам, «мы сабийм Iуэхур зытегъэпсыхьар, и мыхьэнэр и кIэм нэсу къыгурыIуэркъым, щхьэ мыбы зрита» жаIэнри хэлът. Ар зи фIыщIэр ди адэрат. Уэрэд жыIэным и ужь сыщихьам, къызжиIауэ щытат: «Чэрим, сыт хуэдэ утыку уихьэми, адыгэ уэрэдыжьыр IэщIыб умыщII». Иджыри абы сытетщ, уэрэдыжьхэр зэрыхъукIэ жызоIэ. ЦIыхур гъым, бжэм, илъэгъуа гукъеуэр иIуатэурэ, и IуэхущIафэ, хузэфIэкIа, и лъэ зытеува, и гум щыщIэ кърагъэлъагъуэурэ гъыбзэу къежьэри, уэрэд хъужауэ аращ жиIэрт си адэм. Уэрэдыжь згъэзащIэр зыгуэрым игу дыхьэмэ, гуапэ щыхъумэ, сфIэфIщ.

- Зи гъащIэр уэрэдым езыпхыну, уэрэджыIакIуэ хъуну зи хъуэпсапIэ цIыкIухэм Нэхущ Чэрим ещхь хъуну, уэ пхуэдэу утыку итыну зэрыхуейр жаIэу зэхыдох, артист ныбжьыщIэхэм щапхъэ яхуэхъум дыщыщыIэупщIэкIэ. Щапхъэу ущытыну тынш?

- Щапхъэ сыхъунуи, сыхущIэмыкъу, пэжым ухуеймэ. Сэ Тхьэм сыкъызэригъэщIам, си адэ-анэм сакъызэрыбгъэдэкIам дуней тетыкIэ гуэр схуагъэпсащи, гъащIэм абы срогъуэгурыкIуэ. Ар нэхъыжь, нэхъыщIэ ирехъуи, сщIэр ягу дыхьэмэ, цIыху насыпыфIэхэм сащыщу зызобжыж.

- ГъащIэм зэрыщыхабзэщи, цIыхур зы ныбжь гуэр нэса нэужь, зоплъэкIыжри къикIуа гъуэгуанэм ироплъэж, зыщIогупсысыж. IэщIагъэ къыхихам теухуауэ шэч зыщIыжам сыт хуэдэ чэнджэщ зэхебгъэхынт?

- Чэнджэщ зытхэми гъэсакIуэхэми сащыщу зызбжыжыркъым, гъащIэ зылъэгъуам, зи IуэхущIафэкIэ щытхъу зиIэм удэплъеиныр къезэгъыу къызолъытэ. Ди япэ ища нэхъыжьыфIхэу лъэпкъым и зыужьыныгъэм, и бзэм, и хабзэм, къафэм телэжьахэм уадэплъеиныр лейкъым, апхуэдэр дахагъэм хуэпабгъэ цIыхуу жыпIэ хъунущ.

- Чэрим, сызэригугъэмкIэ, Хьэчим и къафэр зыхуаусар уи адэрат.

- Ди адэм ипэкIэ куэд щIауэ щыIа къафэжьт ар. Ныбжьышхуэ иIэу жиIэрт абы ди адэм, а зэманыр пшынэ закъуэтIакъуэххэ фIэкIа щамыIэ зэмант. Жьэпшынэ еуэу ар жаIэрт, апхуэдизкIэ ар зигу, зи псэ дыхьэ щыIэти. Си адэм уэрэд жыIэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым, къэфэн жыпIамэ - хуэдэ уигъэлъыхъуэнт. «Хьэчим и къафэр» апхуэдизкIэ къехъулIэрт, дахэу жиIэрти, си уэрэд жыIэкIэм федэIуэжынтэкъым ар зэхэфхам. Си цIыкIущхьэм срихьэлIащ ди хьэблэм дауэдапщэ яIауэ, абы хэта пшынауэхэр езэшарэ, Iуэхум хэтхэр зэбгъэдэкIыжыну ягу пымыкIхэу. Еуэ, Хьэчим, жьэ пшынэ еуи дыгъэджэгу, жаIэрти. Хьэчим зэ пшынэ макъ, зэ накъырэ макъ, зэ нэгъуэщI макъамэ Iэмэпсымэ кърагъэкIыу дахэу игъэджэгухэрт. Си адэр Iэзэу жьэпшынэ еуэрт. Аращ сэ зэхэсхар «Хьэчим и къафэм» теухуауэ. Къафэм и цIэри ящIэжыртэкъым. «Мыбы Хьэчим и къафэ фIэтщ хъунукъэ, ар абы дигъэщIэжауэ щыдгъэзащIэкIэ?» жаIэри упщIэ къэуващ. Сэри ар гуапэ сщыхъури, «Хьэчим и къафэ» фIэтщыжауэ аращ.

- Си фIэщ хъуркъым а къафэр фIыуэ зымылъагъу адыгэм къытхэту. Уи уэрэдхэм ящыщу уэркIэ нэхъ лъапIэ зытIущIым я цIэ къытхуипIуэн, Чэрим?

- Уи фIэщ щIыи, зэшиплI дыхъурти, ди анэ мыгъуэм деупщIырейт хэт нэхъыфIу плъагъур жытIэурэ. «АIей, ар сыт хуэдэ упщIэкIэ? Уи Iэпхъуамбитхум дэра пыбупщIынур?», - жиIэрт ди анэм. ЦIыхум я фIэщ мыхъункIи хъунщ, ауэ си уэрэдхэм теухуауи аращ сиIэ еплъыкIэр. Сыт хуэдэ уэрэд утыку къисхьами згъэзэщIами, ар си быным хуэдэу зэхэдз сымыщIу, нэхъыфIкIэ е нэхъыкIэкIэ зэхэзмыдзу апхуэдэщ. Гумрэ псэмрэ ахэр дыхьэу щымытамэ, ар цIыхухэм я дежи схунэхьэсынутэкъым.

- Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэми, хамэ къэралхэми ущыIащ. Лъэпкъ къэс я хьэл-щэн, дуней тетыкIэ, зыIыгъыкIэ яIэжщ. УздэщыIа щIыпIэхэм щыплъэгъуам теухуауэ хэт хабзэ-бзыпхъэкIэ нэхъ тпэгъунэгъуу къэплъыта, гукъинэж пщыхъуа?

- ЩIыпIэ куэдым щытеуващ. Дуней псом щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм сахыхьащ, сахэтащ, нэгъуэщI лъэпкъ куэдым я щIыналъэхэми сыщыIащ, концерт щыстащ. Уи щхьэ ущытхъужыныр адыгэм ди хабзэкъым, ауэ, упщIэм и жэуапу жыпIэмэ, и хабзэкIэ, и щыпкъагъкIэ, щыIэныгъэкIэ, дуней тетыкIэкIэ адыгэр щапхъэу схужыIэнущ.

- Мы сызыхэтым сыкъыхэкIарэт е сыкъэувыIарэт щыжыпIа дакъикъэ уихуа?

- ЩыщIэбдзагъащIэм, иджыри ущеджэм уогупсыс гъуазджэм, макъамэм ухуэлэжьэныр зэрымытыншым. Еджэн щыщIэздзам, дауи, нэхъ гугъут. КъуейщIейуэ, зыхуейм кIуэ-къэкIуэжу слъагъухэм сехъуапсэрт, сэ нэхъ гугъум зеспщытауэ къысщыхъурти. Псоми зэхуэдэу апхуэдэ тыгъэ Тхьэм щахуимыщIкIэ, а зырызыххэм сащыхэхуакIэ, гугъу сехьми, IэщIыб сымыщIыну мурад сщIащ. Си анэм жиIэрт: «Куэдыщэ пщIауэ къыпщыхъужмэ, Чэрим, уи пIэм уимыкIыу укъинауэ аращ». Апхуэдэу сакъыщымыхъун щхьэкIэ, сIэщIэужэгъуэн, гугъуехьу къызэрысщыхъум сыкъригъэкIуэтын хуэмейуэ зэрызгъувам нобэм сыкъихьэсащ.

- Куэд елъытащ гъуазэ пхуэхъу егъэджакIуэхэми. Апхуэдэу хэт и цIэ къипIуэнт?

- Пэжщ, цIыхур зыдэплъейми куэд елъытащ. Си щхьэкIэ сагъэхъуэпсащ ди япэ ита адыгэ уэрэджыIакIуэ щэджащэхэу КъардэнгъущI Зырамыку, Къуныжь Хьэждал, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я утыку итыкIэр сэркIэ щапхъэт. Ахэр зыхэт радионэтынхэм хуабжьу сфIэфIу седаIуэрт. Апхуэдэу сигу къинэжащ сезыгъэджа Кульбаевэ Людмилэ. Къуэ пэлъытэу фIыуэ сыкъилъагъурт, пщIэ къысхуищIырт. Ари ящыщщ нэхъри сытезыгъэгушхуахэм.

- Уэрэд жыIэнкIи, анэдэлъхубзэр гъэбзэрэбзэнкIи пылъхьэншэу утыку уитщ. Уи гъащIэри гуащIэри уи лъэпкъ, уи хэку тебухуащи, Тхьэм уигъэпсэу, адэкIи ухущIигъэхьэ, хыуигъэгъахъуэ!

- Тхьэм фигъэпсэу! Узыншагъэ Алыхьым къывит! БащэкIэ дызыщыгугъ ИлъэсыщIэр къэблэгъащи, фIым Тхьэм дыхуигъазэ, гукъеуэ, гухэщI Iуэхухэм дамыгъэгузавэу, хэщI димыIэу, ди гъащIэмкIэ дыарэзыуэ, тхуэзэфIэкIым ди гур хигъахъуэу дыпсэун, илъэсыщIэр ди къэралкIи, ди щхьэкIи, ди лъэпкъкIи тхуэфIын, тхуэугъурлын Тхьэм ищI!

Зытхыжар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**
Сурэтыр **Ардавэ Тамарэ** *трихащ.*

Мыпасэлуэу пIэрэ?

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025-2026 гъэхэм я щIымахуэ зэхьэзэхуэм щыщу джэгугъуиплI зэхэтауэ аращ. Абы щыгъуэми, зэIущIэм къызэремыкIуэлIам къыхэкIыу хагъэщIауэ къалъытаи щыIэ хъуащ.

ЩХЬЭУСЫГЪУЭР иджыри тщIэркъым, ауэ Алътуд и «Искра»-м дэджэгун хуея «Нартан»-р зэIущIэм къэрихьэлIакъым. Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм (гъэмахуэми щIымахуэми) зэпеуэм щIидза иужькIэ, командэ гуэрхэр хэкIыжыурэ, гупхэр нэхъ мащIэ зэрыхъур къэплъытэмэ, ар узыгъэпIейтей Iуэхугъуэщ. АдэкIэ зэрыхъунур хэт ищIэн, ауэ дыхуейтэкъым мы чемпионатри апхуэдэу пасэу ебзыхьэкIа хъуну.

Зэхьэзэхуэр удэзыхьэх зэрыхъунум и нэщэнэщ нэгъабэ къыкIэрыхухэм яхэта «Зэрэгъыжым» и щIэдзэкIэр. Ар еплIанэ джэгугъуэми, гугъу демыхьыщэу, бжыгъэшхуэкIэ щытекIуащ «Сады Баксана» командэм.

Зэрэгъыждэсхэм зыкъыкIарагъэхуркъым Алътуд щыщхэми. Ахэри зыхэта джэгугъуищми щытекIуащ икIи я закъуэщ я гъуэм зыми топ зыхудамыгъэкIыфар.

Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионыгъэр зыIэщIэлъ Псынэдахэ и «Родник»-ри. Мы джэгугъуэри абы блигъэкIащ, ауэ иджырей зэхьэзэхуэм щригъэкIуэкIа зэIущIитIми щытекIуащ.

«Зэрэгъыжыр», «Искра»-р, «Родник»-р хэщIыныгъэншэу кIуэмэ, «Джэрмэншыкым», «Нартаным», «Сады Баксана»-м иджыри къэс зы очкои къахуэхьакъым. Хуэм-хуэмурэ ахэр щытыкIэ гугъум йоувэ.

Нэхъ мамырщIэкъу дыдэу зэкIэ щытыр Бабугент и «Логоваз»-ращ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыIа зэрытемыгъэкIуэныгъищым ящыщу тIум ар хэтащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызэдаубыдащ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ Кумыщ Ахьмэдрэ «Шагъдийм» и пашэ Бэлагъы Русланрэ. Ахэр тхуэрытхуэ къыхэжанукIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025-2026 гъэхэм я щIымахуэ зэхьэзэхуэм и еплIанэ джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: «Зэрэгъыж» (Зэрэгъыж) – «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) – **4:1**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – «**Урыху**» (Урыху) - **2:2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – **1:5**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) – «Спартак-Налшык» (Налшык) - **1:6**, «**Искра**» (Алътуд) – «**Нартан**» (Нартан) - **3:0** (зэрымыкIуам къыхэкIыу), «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «Джэрмэншык» (Джэрмэншык) - **4:3**, «**ГорИс**» (Налшык) – «**Логоваз**» (Бабугент) – **1:1**. «**Мурбек ФШ**» (Налшык) – «**Родник**» (Псынэдахэ) зэIущIэр нэхъ иужькIэ зэхэтынущ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ дыгъэгъазэм и 20-м - «Джэрмэншык» - «Зэрэгъыж», «Ислъэмей» - «Шагъдий», «Спартак-Налшык» - «Малка», «Нартан» - «7 Вершин-Шалушка»; дыгъэгъазэм и 21-м - «Логоваз» - «Искра», «Урыху» - «ГорИс», «Мурбек» - «Псыгуэнсу», «Сады Баксана» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025-2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зэрэгъыж»	**4**	**4**	**0**	**0**	**11-3**	**12**
2. «Искра»	**3**	**3**	**0**	**0**	**8-0**	**9**
3. «Спартак-Налшык»	**4**	**3**	**0**	**1**	**13-5**	**9**
4. «Ислъэмей»	4	3	0	1	11-5	9
5. «Урыху»	4	2	1	1	8-5	7
6. «Малка»	4	2	0	2	7-11	6
7. «Родник»	2	2	0	0	5-1	6
8. «Шагъдий»	4	2	0	2	12-10	6
9. «Псыгуэнсу»	4	1	2	1	5-5	5
10. «Логоваз»	4	1	2	1	5-6	5
11. «ГорИс»	4	1	1	2	8-11	4
12. «Мурбек ФШ»	3	1	0	2	4-5	3
13. «7 Вершин Шалушка»	4	1	0	3	4-15	3
14. «Джэрмэншык»	3	0	0	3	5-8	0
15. «Нартан»	**3**	**0**	**0**	**3**	**2-9**	**0**
16. «Сады Баксана»	**4**	**0**	**0**	**4**	**2-11**	**0**

КIэрэфхэ я щIалэ жан

• Спорт

КIэрэф Тимур Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и студентщ. Ар зэрыцIыкIурэ спортым дехьэх, псом хуэмыдэу фIэфIщ псым есынымрэ волейболымрэ. ИужьреймкIэ щIалэр щIэх-щIэхыурэ хэтщ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм, ди республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм, студентхэм я спорт зэхьэзэхуэхэм. А спорт Iуэхухэм абы ехъулIэныгъэхэр щызыIэрегъэхьэ, и зэфIэкIым щыхегъахъуэ.

Тимур и япэ тренер Мамрэш Къамболэтщ волейболыр фIыуэ езыгъэлъэгъуар, чэнджэщэгъуи, гъуэгугъэлъагъуи, щапхъэфIи хуэхъуар. Иджыпсту КIэрэфыр я гъэсэнщ Коноплёвэ Аннэрэ Гъэнокъуэ Русланрэ.

Мы гъэм жэпуэгъуэм щегъэжьауэ дыгъэгъазэм пщIондэ спортымкIэ республикэм щекIуэкIа «Путь чемпионов» студент зэпеуэм жыджэру хэтащ Тимур. МазиплIым къриубыдэу колледжи 8-м я студентхэр тхьэмахуэ къэс зэхьэзэхуащ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и гупым а зэпеуэхэм волейболымкIэ бжьыпэр щаубыдащ, езы Тимур къыфIащащ «Турнирым и джэгуакIуэ нэхъыфI» цIэр.

Зы хъуэпсапIэр зыIэригъэхьэрэ, нэгъуэщIым зезыпщыт спортсменым мурадыщIэхэр и куэдщ.

НАФIЭДЗ Ислъам.

Ахьмэд зыщIагъакъуэ

КъБР-м щыIэ МЧС-м и лэжьакIуэхэм «Iуэху гуапэ 35-рэ» псапащIэм хыхьэу ахъшэ зэхуахьэсащ Шэмпарэ Ахьмэд и узыншагъэм еIэзэн папщIэ.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, къыкъуэкIыну бэлыхьыр зыми ищIэркъым, республикэм щыпсэу куэд щыгъуазэщ щIалэ цIыкIум и узыфэ бзаджэм.

Урысей МЧС-м и Управленэу КъБР-м щыIэм Шэмпархэ я унагъуэм зыщIигъэкъуащ. Апхуэдэуи иратащ зэрыджэгу мафIэсгъэункIыфI автомашинэ, Урысей МЧС-р илъэс 35-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ящIа ныпыр. Ар лIыгъэм, зэкъуэтыныгъэмрэ мурад лъагэхэм хуэпабгъэнымрэ я нагъыщэщ, сыту жыпIэмэ, нэхъапэкIэ а ныпыр щаIэтащ Европэм и лъагапIэ нэхъ иным – Iуащхьэмахуэ.

ДыщIыдгъужынщи, нэхъапэкIи часть щхьэхуэм и мафIэсгъэункIыфIхэм ахъшэ зэхуахьэсри, Шэмпарэ Ахьмэд папщIэ иратащ.

ПсапащIэ Iуэхум хэтыныр зэкъуэтыныгъэр, зыр адрейм зыщIигъэкъуэныр цIыхугъэм и щыхьэтщ икIи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым гуапагъэ мащIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Урысей МЧС-м и лэжьакIуэхэм адэкIи IуэхуфIхэм пащэнущ гуапагъэ щIэныр я гъуазэу. Ахьмэд цIыкIу узыншагъэ быдэ иIэну, узыр щхьэщыкIыну ди гуапэщ, - жиIащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Хьэщхъуэжь Елдар.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

• Сакъыныгъэрщ нэхъыщхьэр

МафIэс 2200-м щIигъу

2025 гъэр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс 2248-рэ щатхащ. Абыхэм ящыщу 120-р псэупIэхэм къыщыхъуащ, удз гъуам мафIэ щIадзауэ 1557-рэ къахутащ. МафIэсхэм къыщрагъэлащ цIыху 12, ахэр къыщыхъуа щIыпIэхэм ирагъэIэпхъукIащ цIыху 279-рэ, фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ 43-м, ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыхуи 10 хэкIуэдащ.

МАФIЭСХЭМ я нэхъыбэр кърокIуэ цIыхухэр зэрымысакъым, абыхэм защыхъумэнымкIэ хабзэр уэим зэращIым. Абы къыхэкIыу зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым электрокъарукIэ лажьэ Iэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэп хабзэм утекIмэ узыхуишэнкIэ хъунур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МЧС-м фигу къегъэкIыж:

- зэи къэвмыгъэсэбэп мытэмэм е жьы хъуа электрокIапсэхэр;
- хуабэ къэзыт электроIэмэпсымэхэм фахуэсакъ;
- электрокъарукIэ, газкIэ лажьэ Iэмэпсымэхэр щыщIэвгъэнам деж ахэр кIэлъыплъыныгъэншэу къэвмыгъанэ;
- сабий цIыкIухэр факIэлъымыплъу къэвмыгъанэ, фи сабийм жефIэ мафIэм уриджэгуныр зэрышынагъуэр;
- сабийм гурывгъаIуэ электро, газ Iэмэпсымэхэр шынагъуэншэу къызэрагъэсэбэп щIыкIэр;
- электросетым хуэмышэчын Iэмэпсымэхэр пывмыщIэ;
- къэфпщытэ электровилкэхэмрэ розеткэхэмрэ, ахэр къэплъыIуэмэ, ныкъусаныгъэ зэриIэр е Iэмэпсымэ куэдыIуэ зэрыпыщIар къегъэлъагъуэ;
- сетхэр къэплъыIуэным щызыхъумэ автоматическэ Iэмэпсымэхэр вгъэув;
- мафIэс къэхъуамэ, абы теухуа хъыбар къозыгъащIэ Iэмэпсымэ вгъэув! - Iугъуэ къыпихун зэрыщIидзэу, ар къиубыдынурэ макъкIэ къывигъэщIэнущ шынагъуэ зэрыщыIэр.

Гугъуехь зыпымылъ мы хабзэхэр вгъэзащIэмэ, мафIэсым щыхъума фыхъунущ.

ДэIэпыкъуэгъу фыхуей хъумэ, фыпсалъэ 112 номерым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2.708

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Марие** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.